ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№62 (23.720) ● 2018 гъэм накъыгъэм (майм) и 17, махуэку ● И уасэр зы тумэнщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Нэщі мазэ лъапІэр къыэзрыунэхуам теухуа и къуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм си гуапэу сохъуэхъу Нэщі мазэ лъапІэр къыэзрыунэхуамкІэ.

А гуфІэгъуэ махуэр гуэныхьхэр пшыныжныкмрэ къэщІэрэщІэжыныгъэмрэ я дамыгъэщ икІи абы пыщІащ гущІэгъум, псапэм, гуапагъэм, захуагъэм, тэмакъкІыхьагъэм, зым адрейм худичыхыным хуэдэ фІыгъуэхэр. Шэч къытесхьэркъым ислъамым и апхуэдэ хабзэ нэхъыщхьэхэр дин зэмылІэужьыгъуэхэм итхэр зэгурыІуэу щытыным, мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ гъэбыдэным дяпэкІи зэрытелэжьэнум.

Муслъымэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми сохъуэхъу узыншагъэ, насып, ефІэкІуэныгъэ яІэну, я плъапІэ нэхъ дахэ дыдэхэр кхехъулІэну.

ІэщІагъэлІхэр зэрагъэхьэзырым зыщегъэгъуазэ

● Дыгъуасэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхухім щыІащ Аруан районым хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм.

АБЫ зыщигъэгъэзащ Хьэмдзхъу Башир и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш колледжым и щытыкІэм. Іуэхум хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщзэгъу **Емуз Нинэ**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр **Алэкъей Арсен**, Аруан районым и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Куэшей Азэмат**, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш колледжым и унафэщІ **Сэхъурокъуэ Анатолэ**, нэгъуэщІхэри.

Еджапіэм къыщІегъэкІ Іэщіагъэ 17-м ирилжьэныхэр. Абы хэтщ езым и лабораторэ, лъэщапІэ, спорт, конференц пэшхэр, библиотекэ, шхапІэ. Колледжым автомобилхэр, тракторхэр, мэкъумэш Іэнатіэм къыщагъэсэбэп машинэхэр зыдэт парк иІэщ. ЕджапІэм ди зэманым къемызэгъыжу иІэр абы щеджэхэр зыщІэс общежитыщ. Унэм и яп э къатыр сабий гъэсапІэу къагъэсэбэп, етІуанэ къатым и зы лъэныкъуэр кабинет щхьэхуэхэм хухэщащ, адрейм студентхэр щопсэу. Ещанэ, епланэ къатхэр къагъэсэбэпыхэркъым, зэгъэпэщыжьын хуейщи.

- ЩІэныгъэ курыт щрат еджапІэхэм зегъэужьыным иужьрей зэманым гулъытэ ин хэзрагъэ щиІэу Ізмал псори къэзгъэсэбэпыну. Псом япэрауэ, федеральнэ программэ хэха щыІэхэм зыхэвгъэхуэн хуейщ, къэралым фызыхуэныкъуэхэмкІэ зыкъыфщІигъэкъуэн папщІэ, - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Колледжым и унафэщым КІуэкІуэ Юрий жриІащ еджапІэм и общежитым и унэр 1984 гъэм яухуауэ зэрыщытар, илъэс 15-м щІигъуауэ ар зэрызэрамыгъэпэщыжар икІи къатитІыр абы лъандзрэ нэщІу зэрыщытыр. Колледжым, Май районым щиІэ и кІудамэр хэту, егъэджакІуэ 65-рэ щолажьэ, щІалэгъуалэ 800 щрагъаджэ. Илъэсым абы къыщІегъэкІ Іэщіагъэлі 250-м нэблагъэ.

ЕджапІэр къауха нэужь, Іэнатіэ зыгъэтяр зыхуэдизым КІуэкІуэ Юрий щыщІэупщІэм, Сэхъурокъуэ Анатолэ жиІащ иужьрей илъэсхэм ар процент 53-м зэрырнэблагъэр. КЪБР-м и Іэтащхьэм хэкІыпІэхэм ящыщІ зыуэ зэкІыгъэлъэгъуащ мэкъумэшхэкІ къыщІэзыгъэкІ Іуэхущіапіэхэм еджапІэр жыджэру ядэлэжьэн зэрыхуейр.

Апхуэдэуи КЪБР-м и Іэтащхьэм дыщІигъуащ республикэм Іэщіагъэ 60-м нэблагъэкІэ щІэныгъэ курыт зэрыщратыр, абы нэхъри зебгъэбгъуэ хьуну и къыщІэрилъытэр. «Абы щхьэкІэ ди къарур зэхэтлъхьэу, егъэджэнэныгъэ Іуэхур тэмэму зэтедублэн хуейщ. Ди щІыналъэм и мэкъумэш Іэнатіэм псынщІэу зэрызижьыжьыр къэпІъытэмэ, мы Іуэхур Іэпэдэгъэлэл тщІы хьунукъым. ЗэрыжеІащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ мэкъумэшым епха Іэщіагъэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ. Абы къыхэкІыу Іуэхум хэзыщІыкІ Іэщіагъэліхэр жэуапльныгъэ тхэпъу дгъэхьэзырыпхъэщ», - къыхиГъэщащ КІуэкІуэм.

Колледжым и унафэщым жиІащ «Щэрэдж Агро», «Дохъуушыкъуей», «ЗЭТ» Іуэхущіапіэхэм, нэгъуэщІхэми зэрапыщІащ, игъэхьэзыр дэрбзэрэм Старэ Шэрэдж къуажэм дэт «СЭФСИ» ООО-м щыІэжьыну Іэмал зэраІэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэ Налшык къалэм и щыпІэ адміністрацэм и унафэщІ **Ахъуэхъу Таймураз**, КЪБР-м уэуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммуналнэ Іэнатіэмрэ Гъэзгу Іуэхуэмкіэ и министр **Къуныжь Вячеслав, Емуз Нинэ** сымэ и гъусэу а махуэм щыІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым уХуэныгъэмкІэ и колледжу щІалэгъуалэ 1200-рэ щрагъаджэм. КІуэкІуэ Юрий ныбжьыщІэхэм зэрызагъэсэмрэ абыхэм я зэфІэкІымрэ еплъа иужь, яжриІащ къыхаха Іэщіагъэхэм мы зэманым щІэупщІэ зэраІэр, ехъулІэныгъэ къагъэлъэгъуэну зэрригуапэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Ди щІыналъэм щІыхуэ телъыныр къезэгъыркъым

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ цІыхухэм къагъэсэбэп газым и уасэр хабзэм тету тыныр егъэфІэкІуэным теухуа зэІущІэ. Абы хэтащ КЪБР-м и премьер-министр Мусуков Алий, «Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м и унафэщІ Цыплухин Александр, Іуэхум епха министерствэхэм я унафэщІхэр, щыналъэхэмрэ къалэхэмрэ я Іэтащхьэхэр.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым КІуэкІуэ Юрий жиІащ газ уасэр ди хэгъэгум къыщыхэхыным пыщІа гугъуехьыр илъэс пщІы бжьыгъэ хуауэ къызэрекІуэкІыр, дапщэрэ тепсэлъыхьхэми, щытыкІэм зэрызимыхьуэжьыр. Ауэ 2017 гъэм кърикІуам тепщІыхьмэ, зымащІэкІэ нэхъ зэрефІэкІуар, 2016 гъэм процент 63-рэ фІэкІа кьыхамыхьфамэ, нэгъабэ процент 66,4-рэ зэрыхьуар. Газ уасэр щымыщІэІауэ зытыр щІыпІэ бюджетым игъэлажьэ Іуэхущіапіэхэрауэ зэрыщытыр жиІащ Іэтащхьэм.

- Ауэ абыкІэ Іуэхур зэфІэкІыркъым, ди жагъуэ зэрыхъущи, щІыхуэм хэхъуэ зэпытщ. Псом хуэмыдэу нэхъ мащІэ дыдэ къыхэзыхыр хуабэкІэ къыззэгъэпэщ компаниеэху Налшык, Тырныауз щІэІэхэрщ, мис абыхэм я ягъэкІэ дэ зыхуэдгъэвыжа мардэм дынэсыфакъым. КъищынэмыщІауэ, мы гъэм дызэрытехьэрэ Іуэхур екІэкІуащ. Иджы Май щІыналъэм хуабэкІэ къызэзыгъэпэщу щІэІэ компаниери къыхьихьащ иужь дыкъэизыГъанэхэм. Газым техуэ уасэр нэхъ мащІэ дыдэу къыхэзыхыр Аруан, Бахъсэн районхэмрэ Бахъсэн къалэмрэщ. Иужьрей мазиплім абыхэм Лэскэн, Дзэлыкъуэ, Шэджэм куейхэр къахьихьащ. Дыхуей-дыхуэмеймии упщІэ хъоуб: сыт Прохладнэ, Май къалэхэмрэ Прохладнэ, Шэрэдж щІыналъэхэмрэ газ уасэр ирикъуу къыщІыхахьфыр? Сыт ягъэныкъуэ щІыналъэхэм лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу къыщІызэрагъэпэщыфыр, адрейхэр абыхэм къащІыкІэрыхур? Пэжщ, сетым щыкІуэд газри процент 18-м нобл-гъэ, абы нэмыщІ Налшык, Іуащьэмахуэ комплексэр зэгъэпэщыжьын хуейщ, «Газпром»-м и инвестицэ программэмкІэ. Ауэ псом нэхъыщхьэр, щІыхуэ зытелъхьэм япщынэжьын папщІэ хэкІыпІэ къэгъуэтыныр, ар апхуэдэу дяпэкІи екІуэкІ хъунукъым. Сэ зыхуэзгъэфащэркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым газымкІэ апхуэдизу щІыхуэ телъыныр, - жиІащ КІуэкІуэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэр щхьэхуэзу къытеувыІащ газ зэрыкІуэ бжьамийхэм цІыху щхьэхуэхэм къызэрыхашыр къэгъэувыІэн зэрыхуейм. Абы екъэлІа уголовнэ Іуэхуу 6 къаІэтащ, хабзэр щхьэзэпызыудэхэм екъэлІа протоколу 2368-рэ ятхащ. Іэтащхьэм жиІащ мы Іэнатіэм Іулъхьэ зэрыщІэкІуэри. ИкІи щІыналъэхэм я Іэтащхьэмрэ «Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м и унафэщІхэмрэ чэнджэщ ириташ я къару псори ирахьэлІэу, теплицэм хадэхэкІэр щызыгъэкІыу газ къэзыдигъуэхэмрэ уардэунэхэр яІэу газ уасэ зымытхэмрэ я Іуэхур зэхагъэкІыну, зи лэжьыгъэм пэмылъэщ Іэщіагъэліхэр зэрахъэкІыну. Мы гъэм и мазибгъум кърикІуэхэр къыщалъытэж зэІуищІэшхуэ иригъэкІуэкІыну, зи къалэнхэм пэмылъэща къахэкІмэ, унафэ трищІыхьыну жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир республикэм щыщІэ щытыкІэр хъуэ убгъуауэ къиГъэльэгъуащ. А Іуэхум зэреплъмрэ дяпэкІэ ирагъэкІуэкІыну лэжьыгъэмрэ тепсэлъыхьащ Цыплухин Александр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэхуэсыр 2018 гъэм накъыгъэм и 24-м екІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэт 11-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщыр Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщым и къуэдзэ Кевеш Александр хуэзащ

Республикэм и премьер-министр Мусуков Алий КЪБР-м и Правительствэм и Унэм лэжьыгъэ Іуэхухім щыхуэзащ Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэ Кевеш Александр.

АХЭР тепсэлъыхьащ цІыхухэр къыхэтхыкІыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр дызыхуэкІуэ жэпуэгъуэ мазэм зэрырагъэкІуэкІыну щІыкІэм зыхуэгъэхьэзырым. Псом хуэмыдэу нэхъ зэпкърыхауэ хэплъащ иджырей программэ-методологие, къызэгъэпэщныгъэ, техникэ Іэмалхэм, ахэр ирагъэкІуэкІыну Іуэхум пыщІа бжьыгъэкІэ зэрызэхуахьэсыр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ къегъэсэбэпыным.

«Республикэм и Правительствэр, щІыпІэ унафэ зезыгъакІуэ органхэр хущІокъу щытыкІэр тэмэму къызэрыгъэльагъуэ статистикэр щІэгъэкъуэн къызэращІыным икІи абы хуэгъэзауэ Росстатым кьит бжьыгъэхэр зыубгъуауэ къагъэсэбэп», - жиІащ Мусуков Алий.

ЗэІущІэм хэтащ Росстатым цІыхухэр къыхэтхыкІыныр къызэгъэпэщыныр ахэр егъэкІуэкІыныжьмкІэ и управленэм и унафэщІ Базаров А., статистикэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ управленэм и унафэщым и къуэдзэхэу Куркиев И., Гъащтэ А. сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Щіалэгъуалэр ягъэгушхуэ

● КЪБР-м и Правительствэм

КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий накъыгъэм и 14-м Іущіащ республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэм хэтхэм.

МУСУКОВ Алий Щіалэгъуалэ правительствэм хьыхьанухэр къыщІыхах зэпеуэм пхыкІахэм гуапэу ехъуэхуащ икІи къыхигъэщащ тхыльэ къэзыта цІыху 70-м ящыщу 20-м я насып къыззрикІар. Премьер-министрым зэрыжиІамкІэ, щІалэгъуалэ органыр къызэгъэпэщыныр нобэрей зэманым къигъэув Іуэхущ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр зэфІэкІ зиІэ щІэблэр къэгъэнэІуэныр, ахэр адэкІэ республикэм и къэрал властым и органхэм щыпхыгъэкІынырщ.

Мусуковым къыхигъэщащ Щіалэгъуалэ правительствэм хэтхэм республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лэжьакІуэхэм ящыщхэр зэрырагъэбыдылІэнур, абыхэм я нэІэ зэрытрагъэтынур, дэІэпыкъуныгъэхэр зэрыратынур.

Зэхыхьэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр **Алэкъей Арсен**, КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Гекжиев Сулътан**.

ЗэІущІэм хыхьэу, Алэкъей Арсен я цІэ къриІуащ 2018 гъэм гъатхэпэм и 2-м КЪБР-м и Іэтащхьэм ищІа унафэм тету, КЪБР-м и Щіалэгъуалэ правительствэм щІэрыщІэу хагъэхьахэм.

КЪБР-м и Щіалэгъуалэ правительствэм и унафэщІ **Аулъэ Ахьмэд** зэхыхьэм къыщыхилъхьащ 2018 гъэм зэфІагъэкІыну къапэщІылъхэм теухуа я жэрдэмхэр, Іуэху епльыкІэхэр зэхуэсыжьыну. Абы жиІащ щІалэгъуалэм кърат Іэмалхэр нэсу къызэрагъэсэбэпынур, къэрал властымрэ щІалэгъуалэмрэ зэрыкъэпащІэнур, жылагъуэм иджырей зэманым къахуигъэувкэм зэрыдгъэгъуэгурыкІэнур, щІыналъэм хущІыхьэпэну, унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зезыгъэужьыну жэрдэмыщІэхэр къызэрыхалъхьэнур. Щіалэгъуалэ правительствэм хэтхэм кхабгъэдэкІыу къэпсалъэм КЪБР-м и Правительствэм фІыщІэ хуищІащ нэхъыжьхэм гулъытэ къызэрыхуащІым, ахэр къазэрыдэІэпыкъуэм папщІэ икІи къыхэгъэщащ кърагъэза дзыхьыр зэрагъэпэжьыну зэрыхуущІэкъуэнур.

КЪБР-м и Щіалэгъуалэ правительствэм и унафэщым и къуэдзэ **Тюбеев Мурат** зэІущІэм хэтхэм яхутепсэлъыхьащ КЪБР-м и щіалэгъуалэ жылагъуэ зэгурыкІуэныгъэмрэ, УФ-м и федеральнэ щіалэгъуалэ Іуэхущіапіэхэм зэрадэлэжьэнум.

Республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэм щэнхабзэмкІэ и министр **Хьэгъажей Иринэ** къытеувыІащ Щіалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ федеральнэ агентствэм и къэрал проектхэмрэ зэхьэзэщхуэхэмрэ зэрыхэтынум, нэгъуэщІхэми.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ мэзхэр зэфІэгъэувэжьынымкІэ лэжьыгъэхэр зэман нэхъыфІым зэфІэзыгъэкІа щІыналъиплІым

Урысей Федерацэм и субъектуплІым, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту, мэзхэр зэтегъэувэжьынымкІэ лэжьыгъэхэр агротехникэ пІалъэ нэхъыфІхэм къриубыдэу зэфІагъэкІащ. Ди республикэм мэзхэр щІэуэ щыхасэжащ гектари 120-м. Апхуэдэу ди деж ирикъуу щагъэкІащ зыхуеину жыгыщІэхэр.

«МЭЗХЭР зэтегъэувэжьынымкІэ лэжьыгъэр къызэрымыкІуэу гугъущ икІи абы щІыналъэхэм мылъкурэ къарууэ куэд трагъэкІуэдэн хуей хъуащ», - жиІащ Урысей Федерацэм щІыуэпсым и къуэрыфыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрым и къуэдзэ - мэз хозяйствэмкІэ Федеральнэ агентствэм и унафэщІ Валентик Иван.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Армавир» - 0:2

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ищэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ дыгъуэпшыхь Налшык щызэхэта зэІущІэр апхуэдэу ирахащ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Армавир»-мрэ зэрызэдзэжьгуамрэ зи чэзу зэІущІэкъм ящыкІэ турнир таблицэм игъэтта теплъэмрэ ятеуху тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Испылъэн.

Турист Іэнатіэм и субъектy Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм Іэуху щызезыхьэхэм я республикэ реестрыр зэратх хабзэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм мазаем и 19-м Налшык къалэ №26-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкІуекІ турист лэжьыгъэм и Іэухуки Іэ» 2008 гъэм мазаем и 29-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №14-РЗ-м и 4-нэ статьям тету, турист Іэнатіэм и субъектy Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм Іэуху щызезыхьэхэр отчёт щІын икІи турист Іэнатіэм зэрызиужьыр егъэфІэкІуэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Турист Іэнатіэм и субъектy Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм Іэуху щызезыхьэхэм я республикэ реестрыр зэратх хабзэр къэщтэн мы унафэм и гъэдэхэм зэритым хэдгъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ І МУСУКОВ Алий

Курыт профессиональнэ щІэныгъэм и программэхэм тету егъэджэныгъэ Іуэхур езыгъэкІыкІ организацэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ ирагъэджэнхэм ящыщу къащтэну бжыгъэр зэрыхуагъэув хабзэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм гъатхэпэм и 27-м Налшык къалэ №953-ПП

«Урысей Федерацэм зэрыщрагъаджэм и Іуэхукіэ» 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къащта Федеральнэ закон №273-ФЗ-м и 100-нэ статьям и Іыхь 4-м, «Егъэджэныгъэм и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 5-нэ статьям и пункт 21-м ялкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэщтэн курыт профессиональнэ щІэныгъэм и программмэхэм тету егъэджэныгъэ Іуэхур езыгъэкІыкІ организацэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ ирагъэджэнхэм ящыщу къащтэну бжыгъэр зэрыхуагъэув хабзэм и Іуэхукіэ.

2. «Курыт профессиональнэ щІэныгъэм и программмэхэм тету егъэджэныгъэ Іуэхур егъэкІыкІыныкІэ къэрал аккредитацэ зиІэ организацэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ ирагъэджэнхэм ящыщу къащтэну бжыгъэр зэрыхуагъэув хабзэм и Іуэхукіэ» 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта унафэм къару имыІэжу къэлытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ І МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал финансхэр, къэрал щыхуэр, бюджет зэхуаку зэпыщІэныгъэхэмкІэ лэжьыгъэр зэгъэуІуныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм мэлыжьыхьым 13-м Налшык къалэ №962-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал финансхэр, къэрал щыхуэр, бюджет зэхуаку зэпыщІэныгъэхэмкІэ лэжьыгъэр зэгъэуІуныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программмэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыдигъэкІа унафэ №185-ПП-мкІэ къищтам, хэлъхьэн мы унафэм и гъэдэхэм къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкІыныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ І МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зехьэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программмэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м Налшык къалэ №963-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зехьэныр и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программмэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм щыщхьэуІум и 20-м къыдигъэкІа унафэ №238-ПП-мкІэ къищтам, хэлъхьэн мы унафэм и гъэдэхэм и зэхъуэкІыныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ І МУСУКОВ Алий

Адыгэхэм хамэ къэралхэм иращІылІа зэгурыІуэныгъэу дунейпсо тхьдэм къыхэнэжахэр

Абазэ Хьэсэн и Іэщ Іагъэкіэ дохутырщ, ауэ тхьдэм дехьэх. Абы зэрыжиІэмкІэ, дохутыр мыхъуатэмэ, тхьдэм зритынут. Псом хуэмыдэу Абазэм фІэфІыг адыгэм къызэринэкІа гъэугуанэ кІыхьым ириплъэжьыну, иджыну. Абы и щыхьэту мы тхыгъэмкІэ ди пащхьэ кърелъхьэ, ди лъэпкъ тхьдэм зезыгъэхъуэжа, цІыху мелуан бжыгъэхэм мащІэми-куэдми яжьэуэда зэгурыІуэныгъэщ, Кърибжэкі и закъуэ мыхъуу, Абазэм зэпкрех апхуэдэу къыщІилъытэри.

АдыГЭМ и тхьдэм ириплъэжьмэ, хамэ къэралхэм иращІылІа зэгурыІуэныгъэхэм Іуэхугъуэщ нэхъ кьыхэгъэщыпхъэщ. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, мы дунейр ноб зэрыгІыхьым хуэдэу щымыстынкІэ хъунут, дыкъызэтехьуакІэхэм зэгуэр нэгъуэщІ унафэ ящІатэмэ.

1. Хьэтхэм я пащтыхь Хьэтусилэрэ Мысыр фирхьэун Рамзесрэ ди лъэхъэнэм ипэкІэ 1312 гъэм зэращІылІа мамыр зэгурыІуэныгъэр;

2. Киевым ипщ Мстиславрэ кІасэгу Ридадэрэ 1022 гъэм зэрызэзуар;

3. 1557 гъэм Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ зэращІылІа дзэ-политикэ зэгурыІуэныгъэр.

Дэтхэнэри зэпкърытхынщ.

Адыгэхэр къыхэзытехьукІыжа хьэтхэмрэ Мысырымрэ зауэшхуэ ирагъэкІуэкІащ, а къэралгъуитІым я зэхуаку дэлъ щІымрэ Асириемрэ зыубыдыным щхьэкІэ. Зэпэщ Іэтыныгъэм и гуащІэгъуэр ди лъэхъэнэм и пэкІэ 1312 гъэм техущ - Къадэш деж (ЩІымым) щекІуэкІа зауэ гуащІэм хьэтхэр щытекІуат. Абдеж Хьэтусилэ IIIмрэ Рамзес II-рэ Іыхьэ 17-у зэхэлъ мамыр зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ. Гу лъытапхъэщ, тхьдэм ялъ дыдэу къыхэщыж мамыр зэгурыІуэныгъэр араущ зэрыщытыр икІи ар зытет мывэр нобэр кьыздэсым Тыркум щыІэ музейм зэрыщІылъым, абы тращыкІыжа сурэтыр ООН-им зэрыщыІэм.

Тхыгъэм къыздэсыщІэлъэгъуамкІэ, Рамзес II-р зэи Хьэтым къемыбгъэрыкІуэну Хьэтусилэ псалъэ хэратат икІи я зэгурыІуэныгъэр нэчыхькІэ ягъэбыдэжащ, Хьэтусилэ ипхъу нэхъыжьыр фирхьэуным щхьэгъусэу иритри.

Дауэ-тІэ, адыгэхэр Рамзес зэрытекІуауэ щытар? БзаджэгъэкІэ.Тхьдэм къыздэриІэтэжьмкІэ, хьэт тІасхъэщІэхэр Рамзес и телъхьэ хъуауэ жалэж, Хьэтусилэ и ПасхъэлІэхэр хуаІуэтэну псалъэ иратри, хьэтыдзэм къауХьурейхьэ ауэым къыдащащ фирхьэгъуныр. Мысырыдзэр Іэмалынштэ!

А зэпэщІэтыныгъэм Хьэтусилэ щытемыкІуатэмэ-щэ?! Рамзес II-м Анадолэ иубыдатэмэ, Дарданеллри, Босфорри, Кавказри зыІэщІэхъьэнурэ, Днепрэ Дуныймрэ нэсынут. Уеблэмэ нобэ тІыкІу Европэр хьэрыл къэралгъуэу щытынут иджыпсту, хьэтхэр мыхъуатэмэ. Ильэс мин бжыгъэ дэкІа нэужь, хьэрыпхэр Африкэм и ишхъэрэ псы Іуфэм Іуту КьухьэпэмкІэ яунэту, Гибралтар ІуащІэм дэкІыу, Пиреней хьПІыгуныкъэр зэраубыдар щыхьэт тохъуэ абы.

Дызытепсэлъыхь зауэр уэрэдджьу къэсэжащ ди дежь:

Хьэтиту ди адэжьхэр
Лъэпкъыжьхэм ящыщу
Тхыдэжьым къаІуатэ.
Хьэтитхэм я пщыгъэшхуэу
Хьишхуэ щІыбым щыІэм
Ящ ІуІуэу зеубгъу.
Я гъунапкъэр Мысырым
ИрагъэкІуэн.
Рамзесу пащтыхьым
Ар имыдэу зауэ къещІ.
Хьэтиту зауэлІхэм
Я лыгъэр мэдалъэ,
Я дамэхэр зэІухауэ,
Япкъэр пкъиекэу
Ужьгъащхъэ щэрхъыу
Кьыутанхэм ярыту,
Щ Іыгу зэрыкІуэр ягъэтыгу,
Зэуэгъуэми бгыщхьэрыкІуэу,
Бийм игури ирахыу,
Ужьгъащхъэ щэрхъыу
Кьыутанхэм ярыту,
Бийм ягури ирахыу,
ЗдэкІуэм текІуэныгъэр кьахьу,
Хьэтитхэм я щІэныгъэр
Лъэныкъыу псомкІи ягъэкІуатэ.
Мысыр пащтыхьу
Фирхьэун Рамзесри
Хьэтитхэм къекІужри,
ЗэкІу тхьылъи здэщІри,
Благъэ тІури зэрыщІащ.

Ди лъэхъэнэм и 1000 гъэхэм Адыгэ щІыналъэм хъыщІэкІэ Іуэхугъуэхэм нэхъ кьахэгъэщхьэхукІыпхъэхэм ящыщщ кІасэгъуэм (касогхэм) я пщу щыта Ридадэ зэрихьа ІыгъэР. Ридадэ зыхьхэмрэ кІасэгуэхмрэ пщІэшхуэ кьыхуащІыр икІи есы пщыми и лъэныкъыр и щхьэм нэхъ нэхъ ия эльэлъанІэрт. Ридадэ пелуану щытауэ кьыхощыж ужьг тхьдэм, зыхэпсэуакІэ зэманми кьарукІэ кьытекІуэн зы цІыху лъэпкъым хэмытауэ. ЦІыхубэм Ридадэ хуищІу щыта пщІэмрэ лъагъунымрэ я фэеплъу адыгэ уэрэджьыкъэм екьууэ кьыханащ «Уэ, Ридадэр».

1022 гъэм кІасэгу лъэпкъым къебгъэрыкІуат тмутаракъан пащ Мстислав Хахуэр. Ар Ридадэ къыщищІэм, дзэшхуэ къызэригъэпэщри, бийм пежьащ. ДзитІыр щызэпэщІэувэм, Ридадэ кьыхилъхьащ лъыгъажэ кьыхэмыкІыу Іуэхур зэфІагъэкІмэ зэрынэхьыфІыр, Іэпщэрбанэкіэ пщитІым зызэрапщыту, хагъащІэм ищІри, и унагъэри, и гъащІэри кьрыхуэм еІуэ. Абыкіэ зэгурыІуэныгъэ зэрыубыдри, зэрытемыгъакІуэу махуэ ныкъуэкІэ зэззуащ. Мстиславым кьыгурыІуащ зэрытемыкІуэфынур икІи игъэпщкІуа сэр кърипхъуэтри, Ридадэр кьиукІащ. Абы и ужькІэ Мстислав Ридадэ и щхьэгъусэмрэ и къуитІымрэ гъэру иубыдащ, кІасэгу адыгэхэм тын Іихыу щІащ, щІалитІми урысыцІэу Юрийрэ Романрэ кьафІищыжащ, уеблэмэ ипхъу Татьянэ Романэ щхьэгъусэу кьритыжат, ауэ щІэблэ кьыщІэмыхъуэ щІыкІэ щІалэр зауэм хэкІуэдащ.

Дауэ хъуами, урыс лъэпкъыжьэу Белеутов, Алехнов, Клушин, Рябчиков, Викентьев, Добрынский, Елизаров, Зайцев, Бирдюкин, Поджогин, Симский, Образцов, Телегин, Сорокоумов, Глебов, Бобров, Буруков, Кокошкин, Лопухин, Лупандин, Платов, Ушаков, Морев жьыхуІэхэр Ридадэ и щІэблэм къатехьукІыжауэ ятх тхыдэжьым.

Кьедбжэкіа унагъэцІэхэр зезыхьэ зауэлІ гуп урысыдзэм я пашэу тэтэр-монголхэр кьызэтрагъэувыІауэ щытащ ильэс щитІ нэхъ дэмыкІыу. Абыхэм я фІыгъэщ тэтэрхэмрэ монголхэмрэ Европэр зэрамыубыдар.

1557 гъэм урысей пащтыхьгъуэмрэ Къэбэрдеймрэ дзэ-политикэ зэгурыІуэныгъэ зэращылІэри, ар нэчыхькІэ ягъэбыдэжащ Къэбэрдей пщышхуэ Идар Темрыкъуэ и ипхъу жьэхьащІэ Іуэхугъэ гъэзэнэм Іван щхьэгъусэу ишэри. А зэман жьыжьэм, XVI лІэщІыгъуэм, Къэбэрдейр Джьылахьстэнейрэ (Къэбэрдей ЦІыкІу) Къэбэрдеишхуэу зэхэщІэхьэхукІауэ зэпэщІэтт, кьищынэмыщІауэ, уэсмэнэмрэ кьрым хъэныгъуэмрэ кьеныкъуэкъуэрти, Идарыр дамэгъу ЛъэщхьэІэкъуэрт. Бийхэм кьызэрыгъэкІуэ зауэтэкъым яублэр, абыхэм муредышхуэхэр яІэт, илъэсищэ бжыгъэкІэ ялэ плъэуэ.

Зи благъэр жагъуэгъу зыхуэхъужа пщышхэм зэрызыхуэмыхъумэжьынур кьыщыгурыІуэм, урыс пащтыхь Грознэм деж ялэ лыкІуэр игъэкІуат, дамэгъу кьыхуэхъуэну, кьрым-тэтэрхэм ящыхъумэну щІэлъэІу.

1561 гъэм щыщхьэуІум и 21-м Иван Елланэмрэ къабэрдей пщащэмрэ я нэчыхьыр ятхащ. А Іуэхугъуэм Темрыкъуэ и Іуныджьым, кьарум хигъэхъуащ, и жагъуэгъуэхэм ялэщІэтыну нэхъ тынш зыхащ. Сыту жьыІэмэ, Грознэм и щыкъуадэм дзэ кьхъуиутІыпщат, и ныкъуэкъуэгъуэхэм ялэщІэтынымкІэ кьыдэІэпыкъуэ. Апхуэдэу адыгэхэм я кьэрал кІуэцІ-къэрал щЫб Іуэхухэр зэтеуба хъуащ икІи Урысейм и Къэбэрдеймрэ зэщІэгъуэу Кьрым хъанэгъуэмрэ Уэсмэн къэралыгъуэмрэ пащІэтащ. ИужьыІуэкІэ кьызэрыдгурыІуэжащи, уэсмэнэмрэ абыхэм я хуэмэжьжьымэхэмрэ я мурадыр кьэхъуІатэмэ, нобэ нэгъуэщІ къэралт дыщыпсэунур.

1557 гъэм Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм иджыри зэ ириплъэжри, профессор Смирнов Н. А. жиІэгъащ: «Къэбэрдейр дамэгъу щІын зэрыхуейр, а щІыналъэм и мыхьэнэр зэрыиныр урысей правительствэм кьыгурыІуэрт быдэу. Абы шэч хэлъхьэным. Сыту жьпІэмэ, лъэныкъуитІым я зэхущытыкІэм куэд елъытат: Урысейм Кавказым щыпсэу адрей лъэпкъхэмрэ Иранымрэ иныгрыныр. Къэбэрдеймрэ мамырмэ, Индыпрэ Астрахьанрэ мамырынут». Аращи, гурыІуэгъуэщ зэгухэныгъэм дунейпсо мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэ куэд елъытауэ зэрыщытар.

● Гу зылъытапхъэ

ПщІэншэу икІи нэхъыфІу

Бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм нобэ пщІэншэу щеплъыфынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыпІэ псоми.

РЕСПУБЛИКЭМ кІуэ пэтми зыщеубгъу бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм. Ди щІыхуэм я нэхъыбэм нобэ Іэмал ягуэтащ РТРС-1-м и программи 10-м (ялэ мультиплекс) пщІэншэу икІи фІагъ лъагэ иІэу елъэпыну. Абыхэм хохьэ «Ялэ канал», «Россия 1», «Матч ТВ», «НТВ», «Петербург-5канал», «Россия К», «Россия 24», «Карусель», «ОТР», «ТВ Центр» телеканалхэмрэ «Вести ФМ», «Маяк», «Радио России» радиоканалхэмрэ. КьищынэмыщІауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэми мы гъэм и кІэхъуэм Іэрыхьэнчыр РТРС-2-р (етІуанэ мультиплекс). Абы кьыздэсІеубыдэ «СТС», «ТНТ», «РенТВ», «Пятница», «Спас», «Домашний», «Звезда», «ТВЗ», «Мир», «МузТВ» каналхэр.

Зи гугъу тщІы каналхэр иджыри кьэс зыІэрыхьэу щытар республикэм щыпсэум и процент 76-рщ. Бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыту кьыззщІиубыда хъун папщІэ кьэзыт станц 38-рэ яухуащ. Зым Налшык лажьэн щыщІидзакІэщ, адрей 37-р 2018 гъэм и кІэухым яутІыпщынущ.

Бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэр - дунейпсо телевиденэм зэрызиужьым и зи чэзу лъабакъэущ. Ар куэдкІэ йофІэкІ иджыри кьэс щыІам и къэгъэлъэгъуэкІэкІи, макъыр кьыззэритымкІи. КьищынэмыщІауэ, частота куэдыпу яубыдыпри мылъкушхэу текІуадэрт. Адрей къэрал зыщьхьажьэм пасэу зэращІам хуэдэу, 2018 гъэм и кІэухым Урысей Федерацэри зэрыщыту бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм хуэкІуэнущ. ЦІыхур здэщыпсэу щІыпІэм и инагъым, здэщыІэм емылъытауэ ар дэтхэнэми Іэрыхьэнущ. Абы папщІэ зэхалъхьауэ мэлажьэ «2009-2018 гъэхэм Урысей Федерацэм телевиденэмрэ радиомрэ я нэтынхэм зэрызыщиужьыну» федеральнэ программэ щхьэхуэр. Аращ кьызэхэкІар къэралым и дэтхэнэ щІыпІэми зи лъабжьэ телерадионэтынхэр пщІэншэу икІи фІагъ лъагэ иІэу зэрыщыІэрыхьэнур.

Телесетхэр ди республикэм щыкъуэнымрэ гъэлэжьэнымрэ и пщэ къыдохуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и РТРЦ» РТРС-м. Нэгъабэ и фащэ щІыгъуэ ящІ зэрыщІэдзауэ ди нэтынхэри эфирым кІуэуэ щІадзащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистхэм ягъэхьэзыра программмэхэр кьыщат «Россия 1», «Россия 24» телеканалхэмрэ «Радио России»-мрэ. Бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэр зэкІэгъэубыдын папщІэ дециметр диапазоным ит антеннэ уиІэн хуейуэ аращ. Иджы кьыдагъэкІ телевизорхэм я нэхъыбэм DVB-T2 мардэр иІэщи, пщІэншэу кьат мультиплексхэр кьызэщІаубыдэ. Телевизорхэр жьымэ, бжыгъэр зи лъабжьэ приставкэм пыщІэн хуейщ. Ар тыншу зэфІокІ икІи дециметр антеннэхэм я уасэм сом 300-м кьыщыщІедзэ, бжыгъэр зи лъабжьэ приставкэхэм - сом 700-м щеГъэжьащ. Ахэр электроникэр щащэ дэтхэнэ тыкуэнми щыпэрыхьэтщ. Бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм щызыпыфщІэкІэ гугъуэхь гуэркэм фыхэхуэмэ, КЪРР-м щыІэ РТРС-м и ІэщІагъэлІкэм сыт хуэдэ упщІэхэмкІи захуэзгъаззэ хъунущ лэжьэгъуэ махуэхэм сыхьэти 8-м щыщІадзауэ 17-м нэсыху мы телефон номерымкІэ - +7 8662 72-06-23. А Іуэхугъуэм екъэлІауэ федеральнэ «линэ пщтырым» жащ-ми махуэми пщІэншэу упсалъэ хъунущ - 8-800-220-2002.

Бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм теуха хъыбарэхэм нэхъ зыубгъуауэ зыщыбгъэгъуэзэфынущ РТРС.РФ официальнэ сайтыкъэхэм.

ХьэТАУ Исльам.

Лъэпкъ газетхэр зэрырагъэфІэкІуэну Іэмалхэм хоплъэ

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Ди газетым зэрыстетащ. Осетие Ищхъэрэ - Аланием и «Растдзинад» («Пэж») лъэпкъ газетым къыдэкІын зэрыщІидзэрэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлІэу иджыблагъэ Владикавказ къыщыззрагъэпэщат конференц гъэщІэгъуэн.

«ЛЪЭПКЪ печатыр зэрыт щытыкІэмрэ абы зэрызебгъэужьыфыну Іэмалхэмрэ» фІэщыгъэм щІэт зэхьыхьэм кьрихьэлІат Якутием, Белоруссием, Москва къалэм щыщ журналист цІэрыІуэхэр, Кавказ Ищхъэрэм лъэпкъыбзэхэмкІэ кьыщыдэкІ газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр, политологхэр, журналистикэм хуэдэ ныбжьыщІэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу а конференцым хэтыну ирагъэблэгъат «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэдэр** «Эльбрус» тхьапІ тедзапІэм и унафэщІ, усакІуэ **Ацкъан Русланэр**.

Осетие Ищхъэрэ - Аланием лъэпкъыбзэкІэ кьыщыдэкІыр «Растдзинад» газетым и закъуэщ. Абы и ялэ номерыр 1923 гъэм гъатхэпэм и 14-м дунейм кьытехьауэ щытащ. ГъэщІэгъуэнракъэ, кьыдэкІын зэрыщыдзэрэ а газетым и цІэр зэи яхьэжакъым. Абы и щІэджыкІакІуэхэм я пащхьэ иралъхьэ зэпытщ тхыдэм, хабзэм теуха тхыгъэ купщІафІэхэр, республикэм и политикэ, социально-экономикэ, щэнхабзэ зыхьарэхэр, щыналъэм щыщІэрыІуэ кьыхэзыхьэ ятеуха тхыгъэ гущІэгъэнэгъэр.

- Лъэпкъ печатым и кьалэнымрэ мыхьэнэмрэ кІуэ пэтми зыІэрыхьэу. Абы и увыпІэ щхьэхуэ зызыужь дунейм щегъэгъуэтыным, и пщІэр лъхьшэ мыхъуу зэтеІыгъэным теуха псалъэмкъ щхьэпэм кьрихьэлІа псоми фІыщІэ яхузощІ. ЦІыбэлэр гъэсэныжьэ, абыхэм я анэдэлъхубзэр яІурыпту кьэгъэтэджыныжьэ, лъэпкъ пащтыхьхэм ящыщу зэрыщІэтыпхъэ, ар унагъуэ кьэс кьащыгурыІуэн хуей пэжщ. ЦІыкуэм иджыри нэсу япхьІакъым, лъэпкъ газетыр «зэрыхъуржын бейр», ар зи унагъуэ илъымрэ имылъымрэ зэщхьэщыкІынымгъэ яІэщ. Быдэу си фІэщ мэхъу мы зэхьыхьэр лъэпкъ печатым и зыужьныныгъэм лъэбакъэ махуэ зэрыхуэхъунур,- жиІащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Правительствэм и унафэщІым и кьудэз **Поляков Анатолий** зэІущІэр кьыщызэІуихым.

«Растдзинад» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Битаровэ Маринэ** кьызэхуэсахэм фІэхъыс яриха иужь, псалъэмакъ щхьэпэм хэтыну кьахуеблэгъа псоми фІыщІэ яхуищІащ. ЦІыхухэм я гум лъэпкъ гупсысэ кьышцІэзушынымкІэ лъэпкъ печатым игъэзащІэ кьалэнхэм кІэщІу тепсэлъэхьащ ар.

«Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд** я газетым и напэкІэуцІхэм лъэпкъ Іуэху щІэхьыхьэрэ зэпыщІэныгъэхэм, «Адыгэ макъ» (Адыгей), «Черкес Хэку» (Къэрэшей Щэрджэс), «Адыгэ псалъэ» газетхэм илъэс куэд щІауэ номер зэгуэтхэр кьызэрыдгъэкІым щыгъуазэ ищІащ абы кьызэхуэсахэр. «Растдзинад» газетым и лэжьакІуэхэм лэжьыгъэм хуаІэ дэрэжэгъуэр яфІэмыкІуэду, зытетхьыхьи лЫхъужьхэр я куэду, щІэджыкІакІуэхэм я бжыгъэм хэхъуэу зыпкъэжьну ехъуэхъуащ ХьэфІыщІэр.

Лъэпкъым яку дэлъ зэныбжьэгъуэгъэр гъэбыдэныжьэ лъэпкъ газетхэм ягъэзащІэ кьалэнымрэ теухуауэ щытащ Осетие Ипщэ Республикэм хьэбарегъащІэмэр печатымкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІ **Катаевэ Марие** и кьэпсэлъэгъэр. Апхуэдэуи абы и гугъу ищІащ щІалэгъуалэм лъэпкъ газетымрэ лъэпкъ Іуэхумрэ кІуэ пэтми хуащІ гулъытэр нэхъ мащІэ зэрыхъум.

Зэхьыхьэм кьыщыпсэльащ осетин филологиемкІэ факультетым и деканыр, «Нордзау» литературэ-художественнэ сабий журналым и редактор нэхъыщхьэр, Урысеймрэ и лъэпкъ хьэбарегъащІэ Іэнатіэхэм я ассоциацэм и унафэщІыр. Аехри кьытеувыІащ лъэпкъыбзэр зыгъэсэбэпхэмрэ лъэпкъ газетхэм Іэ щІэзыдзэмрэ кІуэ пэтми зэрыхуэщІым.

Кьыззэхуэсахэм я ныбжьэгъуэщІащ. ЛъэпкъыбзэкІэ тхэ журналистхэр щагъэхьэзыр факультетыр зэрызэхуащІыжар ягу кьыззэреуэр. Лъэпкъ газетхэмрэ телевиденэмрэ анэдэлъхубзэ кьабзэ яІурылъу щылэжьэн зэрамыІэр, ар зэуэдэуэр кІуэмэ, лъэпкъ журналистикэм и кІуэдыр кьыззэрикІынущ.

Федеральнэ пащтыхь Іуэхущ Іапіэм Осетие Ищхъэрэ - Аланием щІи кьудамэм и унафэщІ **Калоев Олег** конференцым кьыщыпсэльа иужь, газетхэм я редакторхэм уплІэ зыбжанэкІэ зыхуагъэзащ.

Конференцым кьрихьэлІахэм зэдэарэзыуэ резолюцэр кьыззэщІащ.

- Нобэ кьытщта резолюцэм лъэныкъуэ куэд кьыззэщІеубыдэ. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ лъэпкъ журналистикэр ди зэманым зыІуэу лъэпощхьэпохэр. Тхуэмыгъэкъаруун гуэри хэлъхьым абы. Сэ сызыхэт Урысейм и лъэпкъ хьэбарегъащІэ Іэнатіэхэм я ассоциацэм и кьарур кьэзгъэсэбэнурэ хэгъэгу, хуей хьэмэ, федеральнэ утыку исхьэнущ. Сыщогугъ мыпхуэдэ зэІущІэхэм я фІыгъэкІэ лъэпкъ журналистикэр игъэкІэ кІуэтэну,- жиІащ конференцым и модератору щыта **Христофоровэ Марие** зэІущІэм и кІэухым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 17, *махуэку*

♦Электросвязымрэ хъыбарегъащІэ зэгухьэныгъэмрэ я дунейпсо махуэщ. 1865 гъэм кьызэрагъэпэщащ Электросвязым и дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦Гу узыфэхэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Норвегие пащтыхьыгъэм и лъэпкъ махуэ-хуэщ - я Конституцэм и махуэщ

♦Аргентинэм и Дзэ-тенджьыз флотым и махуэщ

♦1727 гъэм Урысейм и пащтыхь тахьтэр кьыпльысащ илъэс 11 фІэкІа мыхъуа Пётр ЕтІуанэм, Пётр Езанэм и кьэрыпльхум.

♦1801 гъэм Санкт-Петербург кьыщыззІуахащ дзэзешэ цІэрыІуэ Суворов Александр и фэеплъ.

♦1861 гъэм дунейм щыпэу ягъэльэгъуащ щхьэхэкІэплъыкІэу траха сурэтыр.

♦1916 гъэм Инджылызыр дунейм щыяпэу гъэмахуэ зэманым техьауэ щытащ.

♦1928 гъэм Нидерландэм я къалащхьэ Амстердам кьыщыззІуахащ IX гъэмахуэ Олимп джэгуэр. Ахэр екІуэкІащ накъыгъэм и 17 - щыщхьэуІум и 12-хэм кьриубыдэу.

♦1944 гъэм Кьрым АССР-р щымыІэжьащ. Кьрымым щыпсэу тэтэр мин 200-м нэс щалъхуа щІыпІэхэм ирашри, Курыт Азием, Урал щыбым, Поволжье Ипщэм ягъэІэпэхуауэ щытащ.

♦Адыгейм щыпсэуа тхыдэдж, узэщІакІуэ **Хьэджымыкъуэ Темтэч** кьызэраль хуэрэ илъэси 170-рэ ирокъу.

♦Дуней псом щыщІэрыІуэ франджы актёр **Габен Жан** кьызэральхъурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм и цІыхубэ артистэ **ДыщэкІ КІунэ** кьызэральхъурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, «Демократием и телъхьэ Урысей» зэщІэхъеныгъэм и пашэу щыта **Старовойтовэ Галинэ** кьызэральхъурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритыкІэ, Налшык зэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 18, *мэрем*

♦Музейхэм я дунейпсо махуэщ

♦УФ-м и Балтие флотым и махуэщ

♦Тыркумэн Республикэм и Конституцэмрэ и Къэрал нэпымрэ я махуэщ

♦Кьрымым щыпсэу лъэпкъэр залымыгъэкІэ щрашым хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ

♦1268 гъэм мысыр мамлюкхэм Антиохиер яубыдащ.

♦1642 гъэм франджыхэм Монреаль (Канадэ) щыпІэр псэупІэ ящІауэ, къалэм и лъабжьэри ягъэтІыльауэ щытащ.

♦1764 гъэм Петербург кьызэрыщІэуахащ Урысейм и япэ цІыхубэ еджанІэр (Смольнэ институтыр).

♦1780 гъэм пащтыхьгъуэр зыІэщІэлъ Екатеринэ ЕтІуанэм Санкт-Петербург къалэм и гербым теуха ящафэм Іэ щІигъащ.

♦1804 гъэм Наполеон Франджым и императору ягъэуващ.

♦1925 гъэм Адыгэ Республикэм и лъэпкъ музейр кьызэІуахащ.

♦1958 гъэм Канны къалэм щекІуэкІ 11-нэ кинофестивалым «Дыщэ пальмэ ящІу дамэ» саугъэтыр кьыщыхуагъэфэщащ СССР-м щытраха «Летят журавли» фильмым.

♦2005 гъэм Москва и ЦСКА футбол командэм УЕФА-м и Кубокыр кьихьащ.

♦Ди къэрал, зэуэгъэ-ном, философ **Хайим Омар** кьызэральхъурэ илъэс 970-рэ ирокъу.

♦Урысейм и иужьрей пащтыхь, къэрал унафэр илъэс 23-кІэ зыІэщІэлъа, Романовхэ ящыщ **Николай ЕтІуанэр** кьызэральхъурэ илъэси 149-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьыкіа, Урысейм и цІыхубэ артистэ **Баяновэ Аллэ** (и унэцІэ дыдэр **Левицкэм**), кьызэральхъурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, УФ-ми КЪБР-ми щІэныгъэхэмкІэ щыІэ я лэжьакІуэ **Хьэжкіуэн Хьэзэталий** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъМУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КъБР-м щІыхь зиІэ

Хэкум и Іэфіагъыр щызыхэпщІэр абы пэІэщІэу упсэуа нэужьщ

● Гукъэкіыжхэр

***2001 гъэм дунейм къытехьа «ЩІэпльыпІэ» литературэ альманахым (№2-м) къытехуауэ щытащ УФ-м и цІыхубз артисткэ Гъэсашэ Наталье и гукъэкІыж гъэщІэгъуэнхэр. Льэпкъ гъуазджэм и гуащэу къалъытэ бзылъхугъэм Іуэхущіафэ куэдкІэ, зекІуэ бжыгъэншэхэмкІэ гъэнщІауэ щыта и гуэргуанэм щыщу езым нэхъ щыгъуэ къыщыхуэхэр щызэхуэхьэсащ а къыдэкІыгъуэм. А тхыгъэхэм гукъэкІыж къудейкІэ уеджэнри щыуагъэу къыщІэкІынщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, Гъэсашэр здэщыІа къэрал, нэІуасэ зызыхуищІа льэпкъ къэс я хабзэм, абыхэм я щхьэхуэныгъэм, е езыхэм а щыпІэм къащыщыщІауэ щыта хьыбар хьэлэмэтхэмкІэ гъэнщІащи. Ар зытепсэльыхьыр Іупщіу уи нэгу кьыхэзрыщІэувэр куэдкІэ я фІыгъэщ гъуэгуанэ тхыгъэхэр ихъуу зэрыщытам.*

Абыхэм дунейм къыщызэхакІуэхьар зэман тКІийт: къэралым икІыну хуитыр зырызт, апхуэдэхэри гугъу ирагъэхьырт, зы мэскъалкІэ шэч къытрахьэмэ, я нэхъ мащІэу я гъэзур кьызэпаупщІынут. Тхыдэ напэкІуэцІхэм блэкІам и теплъэр дагъэпъагъуэмэ, Гъэсашэм и гукъэкІыжхэм зытепсэльыхь льэхъэнэм и бзэукІэр, я зэхэпльыкІэр зэхэщІыкІыгъуэу уи пащхьэ къыралъхьэ.

Наталье и Іэдакъэщіэкіхэм щыщу нэхъ гъэщІэгъуэн тщыхуэа зыбжанэ нобэ тыдодзэ.

Рабат

ГъащІэм ялэу къыщыхъу псори гум къонэ. Апхуэдэу Африкэ щыналъэм щытта концертыр сэркІэ гуимыхуэт. 1968 гъэм и жэпуэгъуэ маззт, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр Мароккэ пащтыхь къэралыгъэм и къалащхьэ Рабат дыщетІысэхат. «Кабардинка»-м и унафэщІхэм концертхэр щыттыну Льэпкъ театрым и тхьэмадэм щепсальэм, цІыху куэд къемыкІуэлІэнкІэ зэрыхъунур кьызэпхагъэІуІуІамИ, концерт щытт пэщым цІыхур щІэз хъуат, уеблэмэ, дыкъамыуТІыпщыкІу Іэгуаущ инхэр тхуІэтыірт.

Махуэ 12-кІэ Мароккэм дыщыІати, абы и кьуажэ пхыдзахэм нэгъунэ зыкъыщыдгъэльэгъуат. Пэжыр жысІэнщи, зы концертым нэхърэ адрейм щытхуаІэт Іэгуаузэхэр нэхъ ин зэрыхъум ди гур хигъахъуэрт. Псом хуэмыдау ди гуапэт щыху къыздэгуэкІхэм, лэжьакІуэжьхэм, ныбжь зиІэхэм ди льэпкъ щэнхабзэр гурыхь зэращыхъуар. «ЩІыпІэ пльыжьщ» Маррокэм зэреджэр (щым гъущІ зэрыхэлъым кьыхэкІыу пльыжьыфэщи). Абы и уэрам кІыхьхэм бззэр цІыкІухэм гъэщІэгъуэн куэдым ущрохьэлІэ, мыр сату щІапІэу зэрыщытым къищынэмыщІауэ, хьыбар щызэІэпах, Іуэху зиІэхэр щызэІущІэ щыпІэ гъэщІэгъуэнщ, «Кабардинка»-р зэрыщыІа пІалъэм я газетхэм и мызакъуэу, абы щыпсэу куэдми я гум льагъуэ нэху кьыщыдгъэнэн тхуэзфІэкІащ.

«Вижи марокэн» газетым къытрадзат: «Кабардинка» ансамблым ди нэгу щІигъэкІа телъыджэр кьызэрыпІуэтэжын псалъэ гъэсагъэтыгъуейщ, ар кьыбгурыІуэн папщІэ, езым плъагъун хуейщ. Абыхэм ягъэзащІэ дэтхэнэ зы кьафэми, уэрэдми льэпкъым и щэнхабзэ щІэиным хуащІ пщІэ льагэр кьыхощ».

А псалъэхэр дамэ тхуэхъуат жысІэмэ, сыщыІэнукъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, а щІыпІэм дыщыкІуэм мащІэу дыгуэзват, ди япэкІэ абыхэм ялъэгъуа артист щІэрыІуэхэм яужькІэ дэ дыкърамыдзэжьинкІэ дыпІейтейуэ. ИтІанэ ди гур утІыпщауэ утыкум дит хъуащ. Пэжщ, дэ тщыщ дэтхэнэми хуэфІэкІ зэрэмыблэжари Іуэхум хэлъу кьыщІэкІынт.

Си макъыр зэрысфІэкІуэдауэ щытар

Алжирым дыщыІэу псы щІыІэ стэкан сефэри, си макъым кьимыкІыжу нэху сыкъекІат.

Сэ кьэзгуэвар зыхуэдизыр къэІуэтэжыгъуейщ. Ди къэралым икІауэ Алжирым щыІэ дохутырхэр гугъапІэу сиІэр (цІыху щитІым нэблагъэт ахэр). Медицинэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ Ушыншагъэр хъумэнымкІэ министерствэм дащІа зэгурыІуэныгъэмкІэ лажьэрт ахэр.

Сэ сыздэкІуа поликлиникэм щыслъэгъуащ ди дохутырхэм я лажьэкІэр. Куэду си гуапэ хуэдизу а Іэнатіэм хуэпэжу, абы хащІыкІыу ди цІыхухэм зэрэрахьэжкІыр. Инэжкіпэхэр жыпІэмэ, Алжир щІынальэм и медицинэр зэфІэувэжьмкІэ ди дохутырхэм кьызэрымыкІуэу хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІащ. Ахэращ къызэрыІар «мекнесскэ уз» зэрыщыІэр. Абы теухуауэ дохутырхэм я зы справочникми хьыбар гуэри щыбгъуэтынукъым, ауэ а уэым Африкэ Ищхьэрэм хэщІыныгъэшхуэ иритауэ щытащ.

Куэд дэмыкІыу, ди дохутырхэм я фІыгъэкІэ, си макъыр кьихьэжат. ЩэкІуэгъуэм и 6-м си дэфтэрым истхащ: «Уэрэд схужоІэ, мащІэу гугъу сехьми, макъхэр кьызогъакІ». Тунисымрэ Ливиемрэ кьыщызэрагъэпэщ концертхэм сыхэтащ, икІи нобэр кьызідэсым си гум гуапэу къокІыж ди дохутырхэм «сыкъызэрыгагъалуэ» щытар.

Гъуазджэм и бзэр псоми къагуроІуэ

Алжир, Мароккэ, Ливие, Тунис щыналъэхэр я псэуІэкІэ къуэкІыпІэ къэралхэм куэдкІэ ещхьщ. Ар мусылъмэныгъэр щытепщэ дунейм. Къалэкуэхэм мэжджыт щІэрапщІэхэр итащ, азэн кьызэрыджэу, псоми нэмэзлыкъыр яубгъури, нэмэз ящІ. Ауэ псом хуэмыдау хьэлъэр нэщІ мазэрщ. Посольствэм дэ кьыщыджалат а маХуэхэм сурэт тетх зэрымыхьунур. Нэщ щыр кьызытехьэпІэ цІыхуэхэр тэмакъкІэщІ мэхъури, къаугъэ къагъэхьеинкІэ тІэу еплъынутэкъым. Абы кьыхэкІыу а зэманым артистхэр зэрырамыгъэблэгъэнум яужь итщ. Артистхэр зэресауэ шхэнущ, абы нэщІхэр екъуэпсэнущ.

Нэщ мазэм цІыхухэр щІагъуэу зэрымылэжьэфым кьыхэкІыу, Тунисым и президент Бургибэ лажьэхэр мынэщІыну унафэ ищІат. Кьэралыр тхьэмыщкІапІэм кьрашын папщІэ, абы и цІыхухэм жьыджэрагъ, кьару яхэлъын зэрыхуеймкІэ и псалъэхэр щІигъэбыдэжу. Ауэ фІэщхъуныгъэ ин зиІэ мусылъмэнхэм тыншкъым уапэуВыну.

Концертхэр а щІынальэм кьыщытхуэзэщІэгъэнэщхэм языкъэзыкъухуигъаэзэри: «Мусылъмэнхэм я пащхьэ укъыщитшэкІэ, хьэрыпыщІакІэ дыноджэ хуэну?' Псалъэм папщІэ, Фаридэ пфІэтщмэ, дауэ уеплъра?», - кьызжиІат. Сэ ар яхуэздатэкъым, си адэ-анэм кьысфІаща цІэр зэрызмыхъуэжьнур кьыхэзгъэщу. ИтІанэми зэрыхуейуэ ящІат.

- КьухьэпІэ эстрадэм и вагъуэ Гъэсашэ Надия иджвПсу уэрэд кьывжиІэнущ, - жаІэри утыку сыкърашауэ щытащ. Пэшым щІэсхэр зэуэ кьызэрехьэжьат, сцеиэм кьыбгъэдыхьэну еІэу. Кьызэхуэсахэм абдежым закъэзгъэщІакъым, ауэ си цІэр пцІыуэ жызыІам иужькІэ гуащІэу сепсэльат.

НэгъуэщІ зы гъэщІэгъуэни кьыщысщыщІат Нигерие къэралыгъуэм. Концерт нэужьым хьэщІэщым зыщызгъэпсэхужу зыгуэр бжэм кьэпІоуІуэ, Іусхмэ, африкан лІыжь зыгІуу щытщ. КьызэрыщІэкІамкІэ, ахэр я щыналъэм и мусылъмэн зэгухьэныгъэм и лІыкІуэурат. Кавказым сыкъызэрикІар кьащІати, дин сыгъэ сымыІыгъэ зрагъащІэну кьысхуеблэгъауэрат ахэр. А дакъикъэм дипломат зэфІэкІыу сиІэр кьызэкъуэсхри, жэуап естыжащ, ди дежкІэ диныр нэхъыбэу зезыхьэр ныбжь зиІэхэрауэ зэрыщытыр кьагурызгъаІуэу.

ЛІыжьхэр си жэуапым, дауи, арэзы ищІатэкъым, икІи КъурІэнымк ит Іэятэжьым, ящІ щыщ кьысхуеджэри, щІэкІыжауэ щытащ. Нэхъыжьхэр кьытхуэмыарэзыми, си щІалэгъуэм фІыуэ дагурыІуэрт дэ. Концерт нэужьым абыхэм дыкъаВыухьырти, ди къэралым теухуа упщІэхэмкІэ дыщІагъанэрт. Дэри тфІэфІ дыдэу жэуап еттыжырт. Абы си щызгъэунэхуащ гъуазджэм и бзэр псори зэкъуэзыгъэувэ къару лъэщу зэрыщытыр, ар зэдзэкІакІуэ зэрыхуэмыныкъуэр.

Африканхэм я уэрэдхэр зэрызэзгъэщІар

Зыкъыщыдгъэлъэгъуэну дызрагъэблагъэ къэралхэм я льэпкъ уэрэдыжь кьэзгъуэту я бзэкІэ зэрызэзгъэщІэнным сыхущІэкъуат сыт щыгъуи. Ар Іуэху тыншу схужыІэнукъым, ауэ бысымыр абы зэрыщыгуфІыкІынур сщІэрти, гугъеХьри кьызсфІэІуэхутэкъым. Уэрэджы Іакіуэм льэпкъым ящІ пщІэ льагэр кьызэригъэльагъуэ Іэмалыфіщ ар. Уэрэдыр кьэпІыхьуэу БеспубликэмІ Іуэхутэкъым, зобгъэщІэнырт нэхъ хьэлъэр. Африкэр льэпкъ зэмылІэужьыгъуэхкІэ гуэшауэ зэрыщытым кьыхэкІыу, диалект зэщхьэщыкІыныгъэ инхэр щыІэщ.

Еуэри, 1970 гъэм КъуэкІыпІэ, Курыт Африкэм дыщыІэу, программэм тету сэ адыгэ уэрэдыжьрэ зы урыс уэрэдэ згъэзэщІащ. Пэшым щІэсхэр кьызэрыпэджжэкам тепщІыхьмэ, ягу ирихьат, ауэ сэ сызыхуэзарэзыжтэкъым. Экваториям и Гьунэгъу дыдэу щыс Бурунди Республикэм и пащтых Мамбутс IV трагъэкІри, щІэрыщІэу псэуН щыщІадзэжат а щІынальэм. Сэ сыкуейт тхыдэм кьыхэщ а напэкІуэцІхэр и льабжьэу уэрэд жысІэну. КъызэрыщІэкІамкІэ, апхуэдэ уэрэди щыІат, ар кирунди бзэкІэ тхат (арат а щІыпІэм щыпсэуН я нэхъыбапІэр зэрыпсалъэри). Уэрэдыр зи Іэдакъэ кьыщІэкІа Ревизиндэ Донас нэІуасэ сыхуащІа иужь, псалъэхэр зэгъэщІэн щІэздат, ауэ Іуэхуракъэ, егъэлеІуэ гугъуу кьыщІэкІащ абыхэм я бзэр. Зэгъэсу дыгІысри макъамэр ттхащ, ЕтІуанэ махуэм Бужумбуэ кьалэм (Танганьикэ гуэлым пэмыжьжьэу) уэрэдым льэтеувэ щыхуэтщІащ. Уэрэдым зэрыщІидзэу кьащІыхужри, Іегуауэ инхэр яІэтауэ, езыхэри кьыздежьуэу жысІат.

Апхуэдэ дыдэу кьыщыщыгуфІыкІауэ щытащ Кениеми Суданми, езыхэм я бзэкІэ уэрэд жьІтІэу щызэхахам. Абы щыщІэдзауэ си репертуарым бзэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ уэрэд зыбжанэ хэт хъуат. Абыкіэ сэ кьызэдалуэхэм яжесІэрт зэныбжьэгъуГъэм дежкІэ дяку дэлъ гъуэгуанэм мыхьэнэ зэримыІэр.

Африкэм и бгы щхъуантІэхэр

Автомашинэм е мафІэгум сису гъэзгу сытетыну нэхъ сфІэфІщ: щхьэгъубжэм дежъущысу тхьылъ уеджэ е цІэ зэІупщІэ хъунущ. ИджвкІэ кьыптпэщылъ гъуэгуанэм щІылъэ транспорткІэ утехьэмэ, зэманышхуэ ихьыныгъ, кхъухьлъатэм драгъэтІысхащ. Ди къэралым и щІыналъэ куэдым щыщ артистхэр хэту кьытхуэзэрагъэпэщащ турнем ипкъ иткІэ, мазищым и кІуэцІкІэ африкэ къэрали 8 кьызэхэткІухьыж хуейт.

ИллюминаторымкІэ сищиплъам, слъэгъуар си фІэщ схуэщІыртэкъым - щІылъэр алэрыбгъуу зыуфэбгъуа щхъуантІагъэм уитхьэкъуат. Хеминтуей Эрнест зэгуэр дэзыхьахуэ щыта бгыхэрат ар.

ДыкъэтІыса иужь Кампалэ машинэкІэ драшажьэ. Ар эрикІуэ гъуэгум цІыхур тезгъ тетщ, я хьэлъэр я щхьэм телъу, уеблэмэ лъакъуэрыгъажэ нэгъунэ и щхьэм телъу зыхь щІали дрихьэлІат.

Ди бысымэм загъэщІагъуэу кьыщыщыщІат Нигерие къэралыгъуэм. Концерт нэужьым хьэщІэщым зыщызгъэпсэхужу зыгуэр бжэм кьэпІоуІуэ, Іусхмэ, африкан лІыжь зыгІуу щытщ. КьызэрыщІэкІамкІэ, ахэр я щыналъэм и мусылъмэн зэгухьэныгъэм и лІыкІуэурат. Кавказым сыкъызэрикІар кьащІати, дин сыгъэ сымыІыгъэ зрагъащІэну кьысхуеблэгъауэрат ахэр. А дакъикъэм дипломат зэфІэкІыу сиІэр кьызэкъуэсхри, жэуап естыжащ, ди дежкІэ диныр нэхъыбэу зезыхьэр ныбжь зиІэхэрауэ зэрыщытыр кьагурызгъаІуэу.

ЛІыжьхэр си жэуапым, дауи, арэзы ищІатэкъым, икІи КъурІэнымк ит Іэятэжьым, ящІ щыщ кьысхуеджэри, щІэкІыжауэ щытащ. Нэхъыжьхэр кьытхуэмыарэзыми, си щІалэгъуэм фІыуэ дагурыІуэрт дэ. Концерт нэужьым абыхэм дыкъаВыухьырти, ди къэралым теухуа упщІэхэмкІэ дыщІагъанэрт. Дэри тфІэфІ дыдэу жэуап еттыжырт. Абы си щызгъэунэхуащ гъуазджэм и бзэр псори зэкъуэзыгъэувэ къару лъэщу зэрыщытыр, ар зэдзэкІакІуэ зэрыхуэмыныкъуэр.

Африканхэм я уэрэдхэр зэрызэзгъэщІар

Зыкъыщыдгъэлъэгъуэну дызрагъэблагъэ къэралхэм я льэпкъ уэрэдыжь кьэзгъуэту я бзэкІэ зэрызэзгъэщІэнным сыхущІэкъуат сыт щыгъуи. Ар Іуэху тыншу схужыІэнукъым, ауэ бысымыр абы зэрыщыгуфІыкІынур сщІэрти, гугъеХьри кьызсфІэІуэхутэкъым. Уэрэджы Іакіуэм льэпкъым ящІ пщІэ льагэр кьызэригъэльагъуэ Іэмалыфіщ ар. Уэрэдыр кьэпІыхьуэу БеспубликэмІ Іуэхутэкъым, зобгъэщІэнырт нэхъ хьэлъэр. Африкэр льэпкъ зэмылІэужьыгъуэхкІэ гуэшауэ зэрыщытым кьыхэкІыу, диалект зэщхьэщыкІыныгъэ инхэр щыІэщ.

Еуэри, 1970 гъэм КъуэкІыпІэ, Курыт Африкэм дыщыІэу, программэм тету сэ адыгэ уэрэдыжьрэ зы урыс уэрэдэ згъэзэщІащ. Пэшым щІэсхэр кьызэрыпэджжэкам тепщІыхьмэ, ягу ирихьат, ауэ сэ сызыхуэзарэзыжтэкъым. Экваториям и Гьунэгъу дыдэу щыс Бурунди Республикэм и пащтых Мамбутс IV трагъэкІри, щІэрыщІэу псэуН щыщІадзэжат а щІынальэм. Сэ сыкуейт тхыдэм кьыхэщ а напэкІуэцІхэр и льабжьэу уэрэд жысІэну. КъызэрыщІэкІамкІэ, апхуэдэ уэрэди щыІат, ар кирунди бзэкІэ тхат (арат а щІыпІэм щыпсэуН я нэхъыбапІэр зэрыпсалъэри). Уэрэдыр зи Іэдакъэ кьыщІэкІа Ревизиндэ Донас нэІуасэ сыхуащІа иужь, псалъэхэр зэгъэщІэн щІэздат, ауэ Іуэхуракъэ, егъэлеІуэ гугъуу кьыщІэкІащ абыхэм я бзэр. Зэгъэсу дыгІысри макъамэр ттхащ, ЕтІуанэ махуэм Бужумбуэ кьалэм (Танганьикэ гуэлым пэмыжьжьэу) уэрэдым льэтеувэ щыхуэтщІащ. Уэрэдым зэрыщІидзэу кьащІыхужри, Іегуауэ инхэр яІэтауэ, езыхэри кьыздежьуэу жысІат.

Апхуэдэ дыдэу кьыщыщыгуфІыкІауэ щытащ Кениеми Суданми, езыхэм я бзэкІэ уэрэд жьІтІэу щызэхахам. Абы щыщІэдзауэ си репертуарым бзэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ уэрэд зыбжанэ хэт хъуат. Абыкіэ сэ кьызэдалуэхэм яжесІэрт зэныбжьэгъуГъэм дежкІэ дяку дэлъ гъуэгуанэм мыхьэнэ зэримыІэр.

Африкэм и бгы щхъуантІэхэр

Автомашинэм е мафІэгум сису гъэзгу сытетыну нэхъ сфІэфІщ: щхьэгъубжэм дежъущысу тхьылъ уеджэ е цІэ зэІупщІэ хъунущ. ИджвкІэ кьыптпэщылъ гъуэгуанэм щІылъэ транспорткІэ утехьэмэ, зэманышхуэ ихьыныгъ, кхъухьлъатэм драгъэтІысхащ. Ди къэралым и щІыналъэ куэдым щыщ артистхэр хэту кьытхуэзэрагъэпэщащ турнем ипкъ иткІэ, мазищым и кІуэцІкІэ африкэ къэрали 8 кьызэхэткІухьыж хуейт.

ИллюминаторымкІэ сищиплъам, слъэгъуар си фІэщ схуэщІыртэкъым - щІылъэр алэрыбгъуу зыуфэбгъуа щхъуантІагъэм уитхьэкъуат. Хеминтуей Эрнест зэгуэр дэзыхьахуэ щыта бгыхэрат ар.

ДыкъэтІыса иужь Кампалэ машинэкІэ драшажьэ. Ар эрикІуэ гъуэгум цІыхур тезгъ тетщ, я хьэлъэр я щхьэм телъу, уеблэмэ лъакъуэрыгъажэ нэгъунэ и щхьэм телъу зыхь щІали дрихьэлІат.

Ди бысымэм загъэщІагъуэу кьыщыщыщІат Нигерие къэралыгъуэм. Концерт нэужьым хьэщІэщым зыщызгъэпсэхужу зыгуэр бжэм кьэпІоуІуэ, Іусхмэ, африкан лІыжь зыгІуу щытщ. КьызэрыщІэкІамкІэ, ахэр я щыналъэм и мусылъмэн зэгухьэныгъэм и лІыкІуэурат. Кавказым сыкъызэрикІар кьащІати, дин сыгъэ сымыІыгъэ зрагъащІэну кьысхуеблэгъауэрат ахэр. А дакъикъэм дипломат зэфІэкІыу сиІэр кьызэкъуэсхри, жэуап естыжащ, ди дежкІэ диныр нэхъыбэу зезыхьэр ныбжь зиІэхэрауэ зэрыщытыр кьагурызгъаІуэу.

ЛІыжьхэр си жэуапым, дауи, арэзы ищІатэкъым, икІи КъурІэнымк ит Іэятэжьым, ящІ щыщ кьысхуеджэри, щІэкІыжауэ щытащ. Нэхъыжьхэр кьытхуэмыарэзыми, си щІалэгъуэм фІыуэ дагурыІуэрт дэ. Концерт нэужьым абыхэм дыкъаВыухьырти, ди къэралым теухуа упщІэхэмкІэ дыщІагъанэрт. Дэри тфІэфІ дыдэу жэуап еттыжырт. Абы си щызгъэунэхуащ гъуазджэм и бзэр псори зэкъуэзыгъэувэ къару лъэщу зэрыщытыр, ар зэдзэкІакІуэ зэрыхуэмыныкъуэр.

Африкэм и Штат Зэгуэтхэм

«Хэку» зэгухьэныгъэм США-м, Канадэм щыпсэу ди льэпкъзэгъуэхм пыщІэныгъэ быдэ хуаІэт. Сэри си насып кьырихьэкІри, а зэгухьэныгъэм и лІыкІуэхэм сахэту а щІыпІэхэм сыщыкьэщІау.

Америкэ къэралым и къалэ нэхъ дахэ дыдэу кьалъытэ Сан-Францискэ дыщыІэт. Абы и суратыр псым хащІыхьам хуэдэщ. Псыращ кьалэр зыгъэдахэри, гъэщІэгъуэн зыщІри. Льэмыж бжыгъэнэшхэр тельщ, адда жьмэжьи упсэмэ, толькъын кьащІ: хъуэжэм нэщхъейуэ кьапхыпІль лъэхъуэщІр кьэлъагъуГуейкъым. ЛъхъуэщІр зытет хьтІыгур (АлкатраскІэ йоджэ) Америкэм щыпсэу индейцхэм ейщ. Ахэр лъэхъуэщхэм имысми, адрей цІыхухэм япэщхьэхуэу мэпсэу.

Фрискэ кьалэ зэгуэр кьедзылІауэ щыта Окленд щыхьэрри гъэщІэгъуэнщ. Ар Джек Лондон и сабиигъуэр щыкІуэ щыпІэращ. Дуней псом кьыщащІыкІу «Мартин Иден», «Белый Клык» тхыгъэхэр зи Іэдакъэ кьыщІэкІа тхакІуэм мэжащІалІэу, льапІэу, щыгъыныджжэу кьыщиуущхьэу щытащ мы уэрамхэм. Унэ цІыкІуэхэм язым щызэпрыша жьыщІыгъэ кІапсэм Джек Лондон лІыгъэ, хахуагъэ хэлъу и тхыгъэхэм кьыщигъэльэгъуа напэкІуэцІхэр щыщІэдзат. ИджвкІэ Окленд кьалэм зэхъуэкІыныгъэшхуэ игъэтащ, уафэм щІэуэу кьыщыщхъу унэшхуэхэр щыкъудиц абы. 1906 гъэм мы щыпІэхэм щІыр щыхьеийуэ унэхэр зэтрикъута иужь, ухуэныгъэхэр щІы-хьейм хуэмыкъутэн хуэдэу ящІащ.

Ди къэралым икІауэ Сан-Францискэрэ Лос-Анджелесрэ щыпсэухэм «Руссарт» фІэщыгъэм щІэт зэгухьэныгъэ яІащ.

Духовборхэм дащыхуэзэр сигу ихуэжырхьым. Ахэр 1898 гъэм ди къэралым иІэпхъукІауэ щытащ, нэхъ пэжу жыпІэмэ, ирахуат. Абыхэм ятеухуа хьыбарыр нэхъ иужькІэщ кьыщысщІар. Езыхэм дащыІущІам, мащІэу кьытщыщынэрт, ауэ щыхъуКІи яфІэфІу кьыдэпсалъэрт. Концертыр екІуэкІыху абыхэм зашыІащ, макъамэмрэ уэрэдымрэ кьафІэмыІуэхуфэ, ягу иримыхь хуэдэу фэ зытрагъауэу, ауэ иужькІэ зэрыгугу я бже драгъэблагъэри, Іэтауэ дагъэхьэщІауэ щытащ.

Сан-Францискэ дыщыщыІа махуэхэм ящІщ щым унагъуэ гъэрым драгъэблэгъат. Унэгуащэр ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щыгъуэ хэкур зыбгынакъым яхэтащ. ПэлъпкъкІэ Украинэм щыщт. А бзылъхугъэм и гъащІэ гъуэгуанэр гугъат, нашэкъашэт. КІэщІу жыпІэмэ, нэмыцэр кьатеуа иужь, гъэрыу яубыдри, Германием яшащ. Концлагерым исащ, итІанэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм Іэпхъуащ.

Ди бысымхэм хуэдэ кьыщІэкІынт ику иту США-м щыпсэу унагъуэу кьалъытэр. Къэралым щыхуэ кьыІрахри, унэ дахэ цІыкІу яхуащ. Ауэ Іэнэм дыщысыху зэщхьэгъусэхэр зытепсэлъыхьар я унагъуэ насыпракъым, атІэ фэтэрыпщІэшхуэ зэратырщ, шхын уасэр зэрыныщ, телевизорым кьитеГъэуэ мыхъумыщІагъэхэрщ.

- Хэкум сыкІуэжри слъэгъуащ, сигу щыхуэ сыкъэкІуэжащ. Ауэ сыздэкІуэжам «американкэр къэкІуэжащ», - кьытхужаІэрт. Сытым хуэдэу си жагъуэ хъуат ар. Си сабиигъуэр ди къуажэм зэрыщыгъэкІуар куэдрэ сигу кьокІыж. ЛьапІэу кьыщыщэжьхьу щыта уэрамхэр...» И нэпсхэм кьызэрызэпижьыхьар игъэпщкІуурэ, украиныбзэкІэ уэрэд кьыхидзат бысымым.

Лос-Анджелес ди зэІущІэхэр япэщыкІэ зы клубым щедгъэкІыжу траухуэри, щІегъэжат. КьызэрыщІэкІымкІэ, сионист гупышхуэ клуб бжэІупэм щызэхуэсат, зэІущІар щамыгъэІэну я мураду. Дауэ тщІыми, ди мурадыр зэдгъэхъулІащ, ауэ ды-щызэхэсар нэгъуэщІ щыпІэщ.

Концерт нэужьым дэ «Кавказ» рестораным драгъэблэгъат. Автомашинэхэм драгуашэри, куэд дыдэрэ дашащ шхапІэм нэс. Си гъусэу къратъэтІысьа Кааль Анурэ Кушнир Надеждэрэ США-м щыпсэу урысхэм ящыщт. ГъэщІэгъуэн ахэр зытепсэлъыхьым уедэІуэну. Урысеймрэ Америкэрэ якъу дэлъ зэхущытыкІэм, я благъэхэр ягу кьызэрихьам, ахэр яІаргъуну я нэ кьызэрикІым щІэмычэу и гугъу ящІырт абыхэм.

Зым жиІэрт: «Сэ щэнейрэ си адэанэм я дэж сыщыІащ. Ахэр иджыри схуэпсэущ, унэм сыкІуэжыну кьызоджэ». Адрейм: «Хьэуэ, сэ згъэзэжьнукъым. Нэмыцэхэр кьыщыттеуам сфІэфІу Германием сыкІуаУ щытащ. Европэр зэзгъэпэгъуну Іэмалыфіщ, си насып зыхэлъым срихьэлІэнкІи хуэІуа щыІэкъым», - жысІэри.

А псалъэмакъым сигу кьиГъэкІащ: «хэхэс» цІэ жагъуэр зезыхь ди льэпкъгъуэгъэр зэщхькъым, абыхэм ящыщ куэдым хамэ щІыпІэр хэкуу кьалъытэ...

Чикагэ - псалъэм индейцхэм я бзэкІэ - «бжьыбгъ бамэ кьыщыкІ», кьикІыу аращ. Индейцхэм, дауи, мы щІыпІэхэм ящыщхьэлІэжьнукъым. Чикагэ пасэрейуэ узыщихьэлІэнуэжьм ящыщщ трамвайр. Коупервуд Франк япэ дыдэу ищІауэ щыта, Драйзер Теодор и «Титан» романым хэта трамвайр яхъумащ. А романым зэрыхэтам хуэдэу, Чикагэ щІэпхъаджащІэ кьалэу кьалъытэрт иджыри. Пшапэр зэхэуа иужь, и уэрамхэм кьыщыкІуухьыну шынагъэущ. Абы щыдгъэкІуа жэщым полицэ машинэхэм я макъым дигъэжекъым.

Нью-Йорк щыдгъэкІуа махуэхэр

Нью-Йорк теухуауэ Горький Максим мы псалъэ пэжжэр итхауэ щытащ: «Иныжь льатэм цІыху мелуанхэр кьыщыхутауэ игъэтІум ещхьщ а кьалэр. Дахагъэм хуэкей унэхэмрэ ухуэныгъэ инхэмрэ уафэм щІэуэу кьыпщохъу, зэщыгъуэщ. Нэхъ Іеижращи, а унэхэр я хьэльнышагъэм иригушхуэу кьыпщохъу. Уиэм и щхьэгъубжэ инхэм плъыфи яІэкъым, сабий кьыщІэплъуи плъагъунукъым». Абы льандэрэ унэхэр нэхъ льагэж, цІыхуэхри нэхъыбзэж хъуащ армыхьумэ, нэгъуэщІым зыми зихъуэжакъым. Кьалэм ищхьэкІэ укъыщепльмэщ а псалъэхэм я пэжагъыр кьыщыбгурыІуэр. Ухуэныгъэ нэхъ льагэ дыдэу дуней псом кьыщалъытэхэм ящыщ Эмпайр стейт билдинг дыдрашейри, кьалэм зэрыщыту дыІуагъэплъат. Хуитныгъэм и статуер, Гудзон псы-дэльэдапІэр, Христофор Колумб и фэеплъыр, Метрополитен-оперэр, нэгъуэщІ куэди дагъэльэгъуащ. Машинэм дису дыздэжэм, сэ сыщыгуфІыкІат ди совет уэрэджы Іакіуэ Образцовэ Еленэ я кьалэм концерт зэрыщитынум и хьыбарегъащІэ сыщрихьэлІам. Ди благъэ гуэрым сыхуэзауэ кьыисщыкьхъурт. ДыздэщыщІа адрей щыпІэхэми хуэдэу, Нью-Йорк дэс ди льэпкъгъуэхэми дахуэзащ. Концерт нэужьым абыхэм депсэльащ, я упщІэ бжыгъэншэхэм жэуап еттащ.

Нью-Йорк и Бродвей цІэрыІуэми дыщыІащ. ХъыбарегъащІэ тхылъымпІэхэмрэ нэгузегъэужьымрэ я къэралыгъуэу кьыпщохъу ар. ПщІыхьым ухэтым хуэдэу зы дуней зэрыхьэрий гуэрым ухохуэри, зым и хьэпшыпр кьэпщэхуну уегъэльагъу, адрейр кьоФэ, ещанэм тхъурымбэ жьэкІэ кьеГъэпщ, Іэгуилпъ бжыгъэншэхэрщэ?! Ауэ кьалэдэсхэм Іэгуилпъэ ямыІэуи ящІэ жэщ кьэс я кьалэм щІэпхъаджагъэ, укІыгъэ куэд кьыззрыщыкъуэр, хъунщІакІуэхэр зэрыщыкуэдыр. Абы щыбейр бей дыдэщ, и кьулейсьэри тхъэмыщкІэщ.

Совет Союзым икІыу Канадэмрэ США-мрэ кьызэхэзыкІуха гупым жэпуэгъуэм и 22-м кьэдгъэзэжащ. Пэжу, адэжь Хэкум и Іэфіагъыр щызыхэпщІэр абы пІалъэкІэ пэІэщІэу упсэуа иужькІэщ.

ГЪЭСАШЭ Наталье,
Урысей Федерацэм и цІыхубз артисткэ.

Гъэсашэ Наталье. *1972 гъэ*

Вицинымрэ Гъэсашэмрэ Налшык щызэпльыхь. *1970 гъэ*

Гъэсашэ Наталье Африкэм щохьэщІэ. *1968 гъэ*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Дэнэ къыздрахыр мелардхэр?

● Мылъку

Зэ еплъыгъуэкІэ щІыналъэ депутатхэм къагъэпкІ щыІэкъым. Ауэ ар зэ еплъыгъуэкІэщ: абыхэм зэфІагъэкІ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэр - ахэращ щІыпІэ бюджетыр тезыгъашэр, льготэхэр зыгъэувыр, школ е сымаджэщ яухуэну унафэ къэзыщтэр. Абыхэм ящыщ куэдым бюджетым къыхэкІ улахуэ иратыркъым. АтІэ дэнэ декларацэхэм иратхэ сом мелуанищэхэр, хэбгъэзыхьмэ, мелардхэр къызздрахыр? ПлъэмыкІыу уогупсис: мылъку зыбгъэдэлъым къыфІэІуэху езыр «зыхуэлажьэ» щІыхубэр зыхуей-зыхуэфІхэр? «Аргументы и факты» газетым щыгъуазэ дещІ апхуэдэ депутатхэм я шыфэлІыфэм.

ХЪАРЗЫНЭУ мэпсэу КъуэкІыпІэ Жыжьэм и депутатхэр. «Океанрыбфлот» ПАО-м щІэныгъэ-техникэ зыужьынытъэмкІэ и менеджер нэхъыщхьэ икІи абы къыздэкІуэу Камчаткэ краим и Хабзэгъэув зэхуэсым и депутат Евтушок Игорь ита декларацэм сом меларди 2,3-рэ иритхащ. Магадан облдумэм и унафэщІым и ягъэ хуэздэщ икІи «Арбат» концерным (дыщэ къыщІэх) и директорхэм я советым и Іэтащхьэ Басанский Александр псори зэхэту и лэжьэгъу псоми нэхърэ хуэдэ 1,5-кІэ нэхъ къулейуэ къыщІэкІащ - сом мелардым щІигъу хэхъуэу къыІэрыхьащ. Апхуэдэу абы бульдозеру 8, Ан-2 кхъухьлъатэ, унитІ, фэтэр 30-м щІигъу, щІы Іыхьэу 70-м нэс иІэщ!

Хъарзынэу къилэжьащ Курган облдумэм и депутат, «нэкІуп пащтых», «Велес»-м и Іэтащхьэ Ильтяков Дмитрий - сом мелард 1,56-рэ. Абы щыгъуэми блэкІа ильэсым сом мелуан 40 фІэкІуэдащ, и фэтэри 6-м ящыщу 3-р ища пэтми. Нэгъабэ апхуэдэу «къулейсыз хъуа» нэгъэщІ курган депутатым - «Зерновой партнер» ООО-м и унафэщІ Колташов Татьянэ - нэгъабэ Іэрыхьар сом мелуани 199,2-рэ къудейщ, илэ ита ильэсым сом мелуан 311,2-рэ щІат.

И хэхъуэр сом мелард хуригъэхъуакъым КПРФ-м Санкт-Петербург и Хабзэгъэув зэхуэсым щиІэ фракцэм щыщ Рассудов Александр - сом мелуан 843,6-рэ. И щхьэгъуэсэми унагъуэм кърихащ сом мелуан 17,5-рэ.

ЩІыпІэ депутатхэм нэгъуэщІ къэралхэми щаІэщ ямыгъэІэпхъуэ мылъку. Псалъэм и хьэтыркІэ, Омск областым и Хабзэгъэув зэхуэсым и депутатхэм я нэхъ къулей Калинин Сергей Урысейм и мызакъуэу, Тыркуми Германиеми псэуалъэшхуэхэр къыщащхуащ.

ЖыгІэнщи, цІыхубэм и лІыкІуэхэм нэгъуэщІ къэралхэм щаІэ мылъкур щІауфащэркъым. Пэжщ, я щхьэгъусэхэм я цІэкІэ щрагъэтх кхъухьу.

Кхъыхэдгъэщынщи, яІэрыхьэ хэхъуэхэр зыхуэдизымкІэ щІыналъэ депутатхэр зэхуэдэкъым. Уеблэмэ, зэщхьэщыкІынгъэр щыкуурІуи щІэщ. СлІожь, ари и нэщэнэщ ди жылагъуэм и щытыкІэм: къулейхэр мащІэщ икІи къулеищэщ, къулейсызхэр куэдщ, арщхьэкІэ факъырэщ...

● Хьэлэмэтщ

«Зауэ щІыІэм и адэ» Трумэн

1941 гъэм зауэм щидза къудейуэ Миссури штатым и цІэкІэ сенатор хъуа икІи куэдым ямыцІыху Трумэн президент Рузвельт Франклин нахуэу техьущІыхьауэ щытащ СССР-р зэрыдиІыгъым къыхэкІыу.

«ГЕРМАНИЕР текІуэу тлъагъумэ, - жиІэрт Трумэн, - дэ дызыдэІэпыкъун хуейр Урысейщ. Ауэ Урысейр текІуэмэ, Германием дыкъуэувэн хуейщ. Іэмал зэриІэкІэ нэхъыбэрэ зэрырекІ. Пэжщ, сэ зэи сыхуеинукъым Гитлер текІуауэ сльагъунэ».

ИльэсищІ дэкІри, гъэщІэгъуэн къэхъуащ. Вашингтон Джордж и деж къыщежьа хабзэр кьыззпиудри, Рузвельт езым и кандидатурэр къигъэлъэгъуащ еплІанэу США-м и президенту зыхригъэхыну.

Арщхьэкіэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэр экономикэ щытыкІэ гугъум къизыша, икІи Гитлер и кІуэдыжьгъуэр Сталинрэ Черчиллрэ я ГъусэУ къэзыгъэблэгъа президент лъщ Рузвельт езыр зыхуейр вице-президенту хригъэхуфакъым: зауэм зэрыщІадзэрэ и гъуса Уоллес Гэнри и пІэкІэ демократхэм абы залымыгъэкІэ ирагъэдащ Трумэн вице-президент ищІыну.

Зы ильэсри дэмыкІыу, 1945 гъэм и гъатхэм къызыхэкІар ямыщІэу Рузвельт кьытехуэри, ІлащІ. Президент занщІэу хъуащ Трумэн Гарри. Аращ США-м иджы зыщІидзэжа «зауэ щІыІэм» и зэхэублакІуэу увар.

Иджы журналистхэм шэч кьытрахьэжьыркъым Рузвельт щхьэхькІэ зэрыуахам. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм и тепщэхэр хуейт СССР-м кьыхуаІэ зэхущытыкІэхэр зэІагъэхьэну. Рузвельт ар къахуидэнутэкъым. Арати, я мурадыр зэрызрагъэхъулІэн Іэмал къагъуэтащ, мыбдеж хуабжьу кьыщІэзгъэІырт абы и пІэ иувар...

Еджагъэшхуэ щІэрыІуэ, академик Иванов Лев 1945 гъэм къихьащ Рузвельт щхьэхькІэ зэрагъэІапІам щыхьэт техьуэ щапхъэ 12. Абыхэм ящыщ щым къыщыгъэзгъуат Рузвельт и хьэдэр хуабжьу епІэщІэкІыу зэрыщІалъхьар: абы дохутыр ирагъэпІакъым.

Ар кьыззращІэу, Рузвельт и унагъуэм зыкъаІэтащ. И фызымрэ и кьуэхэмрэ Трумэн елъэІуащ хьэдэр кьыщІарагъэхыну (эксгумацэ) дохутырхэр ирагъэплъынэу. Трумэн идакъым.

Ар зэзэгъэкІа президент Эйзенхауэрри а лъэІур къахуищІакъым.

ИужькІэ Унэ хужьым и тепщэ хуэдэ Кеннеди Джон. Абы Рузвельт апхуэдизу пщІэшхуэ хуищІырти, и сурэтыр езыр щылажьэ пэшым фІэлът. АрщхьэкІэ абыи къахуищІакъым унагъуэр зыщІэлъэІуар.

«Эксгумацэ едгъэкІуэкІыуи сощІ, щхьухьым и лъэужь гуэрхэри кьыдогъуэт. Америкэм и президент гъэзэджэр абыкІэ кьытхуэгъэпсэужьнукъым. Ауэ сыт кьыхуажьэнур президентхэр дзыгъэшхуэхэм хуэдэу щхьухькІэ щагъалІэ кьэралым?» - аращ текІуэщІапІэ ищІар.

Мыбдежым кьыщыхэдгъэщынщ а псалъэхэр кьыщыжьэдэкІам езы Кеннеди яуклыным махуэ мин фІэкІа имыІэжу кьыззрыщІэкІар...

● Дагъыстэн

МацІэхэр къожьэ

Дагъыстэным а хьэпІащІэ бзаджэхэр хуэлъэщ. «Комсомольская правда» газетым итхэм ятепщІыхьмэ, мацІэхэм ятепщІэтыным мы гъэм сом мелуан 50 текІуэдэнущ. Ауэ ар зырикІыщ абыхэм хьэсэхэм иратыну хэщІыныгъэр зыхуэдизыр къэплъыхьэмэ.

- ДЫЗЭРЫТ илъэсым Дагъыстэным и губгъуэхэм а хьэпІащІэ шынагъуэхэр куэду кьебгъэрыкІуэнущ. Мы зэманым ирихьэлІэу мацІэхэр къыщагъуэтащ гъавэщІапІэхэу гектар мин 200-м щІигъум, - щыжаІащ республикэм и Іэтащхьэм и пресс-Іуэхущапіэм. - Ахэр занщІэу къыщежьэнкІэ хъунущ гектар мин 126-м.

Арщхьэкіэ химие Іэмэпсымэхэр къращэхун папщІэ республикэ бюджетым кьиутІыпщар сом мелуан 15 кьудейщ. А ахъшэр зыхурикъунур гектар мин 40-50-м елэжьын щхьэкІэ. Дэнэ къыздрахынур яхуримыкъу ахъшэр? А упщІэр зэкІэ жэуапыншэу къонэ.

ЩЫдгъужьнщи, мы Іуэхум игъэгузавэр Дагъыстэным и закъуэкъым. Нэлуэу зэрыщытщи, зызымыгъэнщІ а хьэпІащІэхэм гъунапкъэ ящІэркъым. Ахэр къыщыхутэнкІэ хъунущ абы и гьунэгъу щыналъэхэми (апхуэдэмызэ-мыпІэу нэхъапэхэм къэхуащ).

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Журналист цІэрыІуэ, Ельцин Борис и пресс-секретару щыта Костиков Вячеслав къелъытэ дэ иджыри къэс дызэрыпсэуам хуэдэу дяпэкІэ дымыпсэужыну. ЗэхъуэкІыныгъэшхуэхэр щыІэн хуейщ, арышауэ хъужьнукъым. Дгъэувамурадхэр къыдэхъулІэми, къыдэмыхъулІэми.

АДРЕЙХЭМ дакъыкІэрымыхун папщІэ къэкІуэну илъэсипщІым Урысейр нэгъуэщІ хьэн хуейщ. Ар Путин Владимир Іупщ1у дигъэлъэгъуащ: гъащІэм ику иту и кІыхьагъэр илъэс 80-м нэгъэсын, иджырей 12-нэ ивыпІэм икІыу ди экономикэр дунейм щыетхуанэ хъун, ди ВВП-р зы цІыхум хуэзэу хуэдэ 1,5-кІэ кьэтІэтын хуейщ. Абы папщІэ экономикэм псынщІэ дыдэу зедмыгъужьу хъунукъым. Ар мы зэманым нэхъ гугъуц 2000 гъэхэм я пэщІэдзэм зэращытам нэхъри. Иджы ди экономикэр зыщыгугъыжьыр тщэ гъэсэныпхъэм къыщІэкІыгъкъым, атІэ технологиещІэхэрщ. Абы щыгъуэми, КъухьапІэм и санкцэхэм ягъэмэщІащ ди кьэралым инвестицэу кьакІуэхэр. АтІэ яубзыхуахэр зэдгъэхъулІэфынэу?

- Урысейм ВВП-р нэхъ хузму щыхохъуэику ику иту дуней псом елъытауэ - ди деж зы илъэсым зэрыщыхьур процент 1,5-рэ кьудейщ процентэ 3,5-м и пІэкІэ. Ауэ ди экономикэ, финанс политикэр зэтхъуэкІмэ, ди деж ар процентэ 5-7-м щынэдгъэсыфынущ, - жеІэ РАН-м Дунейпсо экономикэмрэ къэралэ зэхуаку зэхущыкІэхэмкІэ и институтым и кьудамэм и унафэщІ Миркин Яков. - Гъэсыныпхъэ Іэнатіэм щылажьэр щІыхь мелуани 10-15-щ. Апхуэдэу щыщыткІэ, нэгъуэщІхэм пэрыт псоми улахуэфІ кьэрагъэлэжьын, инвестицэхэм я гъэзуг кьыжьэІуахьи хуейщ. Инвестицэхэр къэкІуэнущ санкцэхэм щхьэкІэ кьэмынэу - хэт блэкІыфынур зэщІэгъэгъэ экономикэм!

- ПравительствэщІэм кьэрыгъэзэжьын хуейщ зэманым тІэщІигъэхуа Іуэхум - кьулейсызыгъэм пэщІэтыным, - ар нэхъыщхьэу кьелъытэ политолог Малевэ Татьянэ. - Ди экономикэр щылъэрызехьа 2000 гъэхэм зыхэпсэукІын ахъшэ зыІэрымыхьэ щІыхуэу къэралым щыпсоуэм я бжьыгъэ процентэ 10,7-рэ хъурт. Иджы зи щхьэ зымыІыгъыжьфэжм я куэдагъэр процент 14 иригъащ. Абы щыгъуэми, кьулейсызэ дыдэкэр ди деж щынэгъуэщІщ. Дуней псом апхуэдэкэр лэжьапІэншэхэщ, нысъуэдыкІыуэхэщ, бын куэд щапІ унагъуэхэщ. Ди деж цІыху жьыджэрэми улахуэр щахурикъуркъым, етІуанэ сабийр кьыхуалъхуа иужь тэмэму псэуп папщІэ.

Псэуныгъэм ехьэлІа нэгъуэщІ Іэнатіэ псоми зегъэузэщІын хуейщ. ЦІыху къулейсызым и кьару псори зытригъэкІуадэр хэкІыпІэхэр кьиІуэтынырщ. Абы, уеблэмэ, кьигъэсэфэныфыркъым къэралым цІыхухэм пщІэншэу яхуищІэ Іуэхутхьэбзэхэр. Аращи, бюджет мылъкуКІэ кьулейсызхэм я бжьыгъэ дгъэмащІэфмэ, медицинэ, егъэджэныгъэ Іэнатіэхэми заукъуэдиинущ.

- Санкцэхэр кьыдащІылІа пэтми, ди финанс уихэнкІэр щынагъуэ хэхуакъым, - апхуэдэу кьелъытэ Банк Нэхъыщхьэм и Іэтащхьэу щыта, иджы Москва къэрал университетым и экономикэ факультетым финансхэмрэ кредитхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Дубинин Сергей. - Ди деж нэгъуэщІ къэралхэм етщэр щынэхъыбэщ абыхэм кьыщыгщэжьмэ нэхърэ. Дыщэ гъэтІылъыгъэ куэд зэхуэтьэсащ, инфляцэр зэи къэмыхъуауэ мащІэ дыдэщ - 2017 гъэсэ зэрыгъэуар процентэ 2,5-рэщ. Мы хьэнэшхуэ иІэщ валютэ зэпІэзэрытыгъэр пІалъэ кІэщІым зэрытемыщІыхьар псоми кьагурыІуэным. КъыддэдзэхуэА ахъшэр нэхъ жьыджэру кьэдгъэсэбэпын хуейщ. Ахэр куэд мэхъу - ВВП-м и процент 30-35-рэ. Арщхьэкіэ цІыхухэмрэ компаниехэмрэ ахъшэр халъхьэ нэхъри ягъэтІылъмэ нэхъ къэщтэ. Инвестицэхэм ахъшэр процент 20 кьудейщ.

Зэрытлъагъуэ, правительствэщІэм и пащхьэм зэпымыууэ кьиувэнущ зэфІигъэкІын хуей кьалэныщІэхэр. Псалъэм и хьэтыркІэ, налогхэр кьаІэтыну хьэмэрэ зэрыщытауэ кьагъэнэжьыну. Хамыгъэхъуамэ нэхъыфІт. Ар инвестицэхэм лъэпощхьэпо яхуэхъунущ.

● Германие

Кёльн Германием и къалэхэм я нэхъыжь дыдэщ. Рейн псым и лъэныкъуитІымкІи щысщ ар. Псом хуэмыдэу а къалэр зыгъэдахэр и члисэрщ. Абы и ипщэ чэщанэм удэкІуеймэ, Кёльн зэрыщыту уи нэгу къыщІэувэнущ.



Нарт Сосрыкъуэ дунейм къытохьэ.

Дуней телъыджэ къэзыгъэщІ ПэтІуащІэ Феликс

● ДифІ догъэлъапІэ

Адыгэ Республикэм и цІыхубз, Урысейм щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, Адыгейм и Къэрал саугъэтым и лауреат ПэтІуащІэ Феликс мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 70 иригъэщ.

МОСКВА, Санкт–Петербург, Алма-Аты, Налшык, Владикавказ, Черкесск къалэхэм, Иордание, Тырку, Болгарие, Чехие къэралыгъуэхэм я фондхэм зи ІэдакъэщІэкІэр щахъумэ ПэтІуащІэр гъэздэжьм и дунейм иджыри сабийуэ хыхьащ. Курыт еджапІэм щыщІэсым я къалэм дэт музей нэхъыдфІхэм щылажьэ ЩэщІагъэлІхэм я деж зыщигъасэрт. Сурэтыщі Іэщіагъэр и пІым хэту къалъхуат ар. ПІакъуэ зыбжанэкІэ ПэтІуащІэхэ я цІыхухъэр дыщэкІ Іэззу щытащ, Феликс и анэр дэрбзэр ІэпщІэлъапщІэт. Гъэзджьм цІыкІу дихьэха щІалэм блынхэми, тхылъхэми сурэт гъэщІагъэнэхэр трищІыхьырт. И куэм и зэфІэкІхэм гу лъызыта адэм мурад ищІащ абы сурэт щІынымкІэ щІэныгъэ иригъэгъуэтыну. Феликс щеджащ Суриковым и цІэр зэрихьэу щыІэ къэрал Художественнэ институтым къедзыІпІа Художественнэ курыт еджапІэм (Москва къалэ). Ар кьиуха иужь и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ къалащхьэм дэт Художественнэ-промышленнэ училищэ нэхъыщхьэм.

ЕджапІэ нэужьым Мейкьуапэ зэззыгъэззэжа Феликс республикэм и художественнэ гъащІэм зэхъуэкІыныгъэ инхэр хилъхьэн хуэзфІэкІащ. Аращ Адыгейм и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэр 1979 гъэм къызэзыгъэпэщащ. ПэтІуащІэм и фІыгъэкІэ Адыгейм и сурэтыщІхэр утыку иша хъуауэ жьыпІэмэ ущыуэнукъым. Абыхэм я ІэдакъэщІэкІхэр нэгъуэщІ щІынальэхэм щыщхэм ящэхун щІадзащ, ди къэралым и выставочнэ залхэм щагъэлъагъуэ.

Феликс мэгъу кьару зэпыІэм хуэдэу зэриша1ІэрТ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр. Ар илъэс куэдкІэ и унафэщІу щытащ езым къызэригъэпэща Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм, и ныбжьыр щыхэкІуатэм, нэхъыщІэхэм а Іэнатіэр хуит яхуищІащ.

ПэтІуащІэм графикэ жьыпхэм иту и ІэдакъэщІэкІхэм ящыщу нэхъ гъэщІагъэуну кьалъытэр «XIX лІэщІыгъуэм псэуа адыгэ тхакІуэхэмрэ уэзщІакІуэхэмрэ», «Щакіуэ», «ХьэгъуэлІыгъуэ», «Зауэ», «Джебран Халиль Джебран» сурэт циклэрщ.

Адыгэ Іуэрыіуатэр и лъабжьэу абы ищІа «Тхъэшхуэ», «Амыщ», «Псыхъуэгуащэ», «Пэкъуэ», «Сэтэней», «Пасэрей чэщанэ» сурэтэхэр сыт я уасэ?!

Феликс и лэжьыгъэхэмкІэ кьэщІэгъуейкъым щэкІуэныр фІыуэ зэрилъагъур. ЩІыуэпсым, зькІэжьхуэкІэхэр гъэщІагъэуну къытоущ абы и сурэтхэм.

ПэтІуащІэм и творчествэм и щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэу кьалъытэ блэкІамрэ нобэрей гъащІэмрэ и сурэтхэм гъэщІагъэуну зэрыхуэзэхуэнэр. И интервьюхэм ящыщ зым Феликс щыжеІэ сурэт щІыным и нэгъуэщІ Іэмалхэри дяпэкІэ къигъэІурыщІэну зэрыхуейр. Ди гуапэщ абы и мурад дахэхэр кьехъулІэну, иджыри куэдрэ узынщэу лъэпкъым хуэлэжьэну!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Футбол

«ІэфІыпсыр» яІэщІокІ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2017-2018 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэр ирагъэкІыным джэгугъуищ-плІы кьэнэжауэ аращ. Иджыпсту бжьыпэр зыІыгъ «Іэфіыпсым» а зэманым кьриубыдэу и пашэныгъэр зыІэщІигъэкІыну фІэщыщІыгъуейщ.

МЭРЕМ блэкІам щыІа джэгугъуэм «Спартак-Налшыкыр» хэтакъым, арщхьэкІэ, турнир таблицым щиІыгъ ящэнэ увыпІэр кьыхуэнэжащ. Ди щІалэхэм я Іэхуэхэр зымащІэкІэ ирагъэфІэкІуэфынущ, ауэ иджыпстукІэ нэхъыщхьэр аракъым, атІэ гуп лъэщ зэхэгъэувэныращ.

Джэгугъуэ блэкІам Налшык щыІэу очкоитІ зыгъэкІуэда «Іэфіыпсым» и губжьыр Дон Іус Ростов икІа СКА-м трикъутащ икІи хьэщІэхэм я гъуэм жэуапыншэу топиплІ диГъэкІащ. Нэхъ гугъу ехьащ абы кьыкІэлъІэІэ «Армавир»-р. Ар ерагъкІэ пэлъэщауэ аращ Нэзрэн и «Ангушт»-м.

Ешыгу Сэфарбий тренер нэхъыщхьэу зэрагъэувэрэ мы гъэм зэи кьыхамыгъэщІэфа Мейкьуапэ и «Дружба»-р икІэм-икІэжьым кьыззтрагъэувыІащ. Ар хузэфІэкІащ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-м.

Зи чэзу текІуэныгъэр зыІэрагъэхьащ ДыщэкІ Хьэзрэт и гъэсэнхэми. Абы и «Черноморец»-р Новороссийск щытекІуащ Песчанокопскэм икІа «Чайка»-м.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым иужьу щыІэзэхта джэгугъуэм кьриКІуа Дон Іус Ростов) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **2:0**, «**Армавир**» (Армавир) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **1:0**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **2:0**, «**Анжи-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Краснодар-2**» (Краснодар) - **0:0**, «**Кубань-2**» (Краснодар) - «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:0**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1:0**, «**Іэфіыпс**» (Іэфіыпс) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **4:0**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Чайка**» (Песчанокопское) - **1:0**.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Іэфіыпс»	29	23	5	1	68-14	74
2.	«Армавир»	29	21	7	1	62-16	70
3.	«Краснодар-2»	28	15	6	7	56-30	51
4.	«Дружба»	30	15	4	11	35-42	49
5.	«Чайка»	29	14	7	8	45-24	49
6.	«Черноморец»	29	13	6	10	41-26	45
7.	СКА	30	11	8	11	39-35	41
8.	«Спартак-Налшык»	28	10	11	7	34-22	41
9.	«Легион Динамо»	29	11	8	10	27-23	41
10.	«Академия»	29	10	6	13	24-41	36
11.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	29	9	7	13	26-30	34
12.	«Биолог-Новокубанск»	29	9	6	14	26-38	33
13.	«Ангушт»	28	7	7	14	28-47	28
14.	«Динамо-Ставрополь»	29	5	7	17	33-66	26
15.	«Спартак-Владикавказ»	27	6	6	15	21-38	24
16.	«Анжи-2»	29	5	6	18	24-50	21
17.	«Кубань-2»	29	5	3	21	21-68	18

Япэ увыпІэр яубыд

● Тхэквондо

КъБР-м Тхэквондомкіэ и федерацэм и президент Щокъарэ Хьэзрэталий къыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, «Кубок Пятигорья» тхэквондомкІэ зэхьэзэхуэм ди республикэм и гъэсэнхэм фІы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ.

ПЯТИГОРСК къалэм дэт «Импульс» спортым и уардэунэм мэлыжьыхьым и 14-15-хэм щекІуэкІащ тхэквондомкІэ VIII щІыналъэ зэхьэзэхуэ зэІуа. Абы хэтащ я ныбжь елъытауэ гупищу гуэша спортсмен ныбжьыщІэ 350-м щигъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа спортсменхэм зэхьэзэхуэм псори зэхэту медаль 56-рэ къыщащхьащ. Абыхэм ящыщу 22-р дыщэщ. Ди щІалэхэм япэ гуп увыпІэр яубыдащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленициным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм -40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленициным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм егажьхэну: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **Жылаэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(4, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІаиу* **Дол Маритэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм егажьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.049 ● Заказ №486